


KUEDZA KUITIRA MWARI BASA

IKWO KUSIRI KUDA KWA MWARI

 Ngatirambei takamira zvino kwekanguva patiri kunamata. Ngatikotamisei misoro yedu.

Ishe, tiri kufara mangwanani ano kuve tadzoka mumba yaMwari, kune imwe shumiro. Uye tinonamata, Mwari, kuti muchatigadzirisira mangwanani ano pakukanganisa kwedu. Tiratidzei gwara raMakatitemera kuti tigofamba pariri. Uye tipeiwo nyasha nerudo rweNyu, kuti tigotevera makwara ayo nerairo nemoyo yedu yose, kuti tigowanikwa, pazuva iroro, tiri muna Kristu, tisina mhosva, nokuti tinotenda, Ishe, kuti kuoneka kwaKe kwave pedyosa.

² Tinoona zviratidzo zvose izvo zvaAkati zvaizoitika panguva yeKudzoka kwaKe, zviri kuzadzikiswa. Uye nomufaro tinotarisisira nguva iyoyo. SaAbrahama wakare aitarisisira mwanakomana wevimbiso, uye achiona zviratidzo zvaMwari zvokupedzisira zvichidzika panyika, zvino akaziva kuti pakange pasisina nguva yakareba apo mwanakomana akange ouya. Uye zvino tinoona zvichidzokorazve. Jesu akatiudza kuti, “Kana zvinhu izvi zvave kutanga kuitika,” tisimudze misoro yedu, nokuti rudzikinuro rwedu—rwedu rwave pedyo, “kunetseka kwenguva iyoyo, kushushikana pakati pamarudzi, kudengenyeke kwenyika munzvimbo dzakawanda, gungwa richitinhira, mwoyo yevanhu ichirukutika nokutya.”

³ Tino cherechedza kuti tiri munguva iyo, apo nyika hadzichaziva zvokuita. Imwe hondo iri kusimuka, pakutaridzika kwazvo. Chichava chinhu chakashata zvakadini! Nyika ichipamuka, vezve sainzi vari kutiudza kuti pane chimwe chinhu chinotyisa chave pedyo. Tinoona Bhaiberi richitaura pamusoro pazvo. Zvino, Ishe, tibatsirei nhasi timire muno mumba yekugadziriswa, totora kutumwa kubva kuna Mwari wedu, kuti tipfuurire mberi munguva ino yerima, tivheneke Chiedza, nokuti unogona kunge uri iwo mukana wedu wokupedzisira wekuzviita. Nokuti takumbira izvi nemuZita raJesu pamwe nokuda kwaKe. Amen.

Garai pasi.

⁴ Ndinoti zvirokwazvo iri irombo rakakura, kuve muno mutabhenakiri mangwani ano. Tine urombo kuti hatina nzvimbo, pano, yokuti mungagara. Nzvimbo yacho yakazarisa, vanhu vamire kwese kwese panze.

Imi vanhu vari panze zvino, munokwanisa kuzvinzwa kubva pamaredhio enyu. Ndakanganwa... [Mumwe anoti,

“Makumi mashanu nemashanu kusvika makumi mashanu nemanomwe.”—Mupepeti.] Makumi mashanu nemashanu kusvika makumi mashanu nemanomwe. Imi vanhu vari panze, nevari munochengeterwa dzimotokari, nevari mumigwagwa, munokwanisa kunzwa kubva pamaredhio enyu, pakati pemakumi mashanu nemashanu nemakumi mashanu nemanomwe pamunochuna napo redhiyo yenyu. Saka taedza . . .

⁵ Ndanga ndiri kudzoka, tingati, kuno, kuti ndiedze kuva nemusangano wemazuva angaite gumi, ndichitaura pamusoro pechidzidzo che*Ndiro Nomwe Dzokupedzisira dzeMatenda eHasha dza Mwari*. Nokuti, pakati pe*Ndiro* dzehasha idzi pane Hwamanda. Uye ndaikuudzai mu... pandainge ndichazoparidza pamusoro peHwamanda Nomwe, kuti ndainge ndichizozviunza pamwe chete ne*Ndiro* dzehasha pamwe ne*Matenda*. Zvino ndakafunga kuti inenge ichizova nguva yakanaka. Ndichangodzoka kubva kuAfrica, uye—uye vana vanga vasati vawana zororo ravo.

Mwanakomana wangu mudiki, Josefa, anga—anga aita kunge zvishoma...ari kuda masvondo mashoma okudzidzira achiverenga. Akapasa, zvake, asi akange asina kusvika panotarisirwa. Saka takamuchengeta kuTucson, saka, pandakange ndiri kuAfrica, akange achiverenga akasvika panodiwa, ari pane chimwe chikoro chaunodzidza uchibva kumba.

Zvino takazodzoka. Uye ndakafunga kuti, panguva iyo vana vainge vari pazororo ravo, ndaizova nomusangano muduku nevanhu pano, ndoparidza zvidzidzo izvi. Asi patakasvika kuno, takaona kuti takange tisingakwanise kuwana odhitoriyamu yepachikoro.

⁶ Uye ndaiziva kuti tabhanakire yakange isina nzvimbo yakakwana yokuti vanhu vagare, nokuvaita kuti vagare zvakanaka nenzira yavanofanira kunge vari pavanenge... pakatinenge ndiine Mharidzo iyi, nokudaro takatozo—takatozoita humwe hurongwa hwakasiyana. Zvino panzvimbo yokuva ne—neusiku hwemazuva gumi sekuronga kwatakange taita, saka, pachange pachingori neshumiro mbiri paSvondo; Svondo ino, Svondo inotevera, neSvondo inozoteverazve, shumiro mbiri. Saka, hatina kuishambadzira.

Zvino, zvadaro, kana paine akanzwa neimwe nzira kuti musangano wakange uchizotanga musi wa 28, paodhitoriyamu yapachikoro, kana Mwari vatendera, saka, kana uine shamwari uye manga mafanonyoresa pokugara mumahotera, ndi—ndinga—dzimisa, munoona, nokuti va—va, tashaya mukana wekuti tiiwane. Vatadza kuwana maodhitoriyamu e—emuzvikoro.

⁷ Zvino ndinoda kutaura, pashumiro dzekuVhangeri Svondo mangwanani. Zvino Svondo manheru ndinoda kunamatira

vanorwara. Uye tiri kuvimba kuti Mwari achasangana nemi imi vanhu vari kurwara. Handisi kuziva kuti Billy achakubatsirai sei; ndinofunga kuti, achapa makadhi omunamato, kana nedzimwe, nzira dzokuchengetedza vungano iri muhurongwa. Asi tichaita izvo zvose zvatinogona kuti tinamatire munhu wose mumasvondo matatu ari kutevera atiri kuda kunge tiine shumiro, kana kuri kuda kwaMwari.

⁸ Zvino nguva zhinji panova nehurukuro dzedungamunhu, mumwe munhu anenge achingoda kukuona kwenguva shoma pamusoro peimwe nyaya kana zvimwe zvakadaro. Zvino tichange tichizo...Vangani vari muno vari kuda hurukuro yedungamunhu, ndingaonewo here maoko enyu. Maihwe! Ndiyani asiri kuda? Saka nokudaro ticha...

⁹ Zvichange zvakati omei kuzviita, saka nyorai zvikumbaro zvenyu mozvitumira, zvipei kuna Billy, zvadaro ndinozozvitora kubva ikoko. Uye, iye zvino, achapa chiziviso pamusoro, ndinofunga kuti, pemakadhi omunamato, nguva yaachange achizopiwa.

¹⁰ Vangani vehama dzedu vashumiri vari muno mangwanani ano? Hatina kumbowana mukana, handifungi kuti...Pane wamambocherechedza here pakati pavo? Vashumiri vangani vari muno mangwanani ano, mungasimudza here mawoko enyu? Kana kuti, simukai. Tinoda kuona kuti vashumiri vangani vari muungano mangwanani ano. Saka, zvakana! Tinotenda Ishe nokuda kwevarume ava. Ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yokucherechedza mumwe nomumwe wavo, asi ndine chokwadi chekuti mavaona. Zvino isu...Mwari vanovaziva mushumiro dzavo, zvino tinonamata kuti Mwari vavaropafadze zvikuru. Uye, pasina kupokana, vazhinji vavo vapfiga shumiro dzavo, kuti vange vari pano. Hama Junior Jackson pamwe, ndinofungidzira, neHama Don Ruddell, uye pane nhepfenyuro ino iri kusvika kumachechi avo. Uyewo, zvakare, kumusoro kuNew York nedzimwe nzvimbo dziri munyika ino, zviri kuitwa kubudikidza nerunhare kuti zvisvike muchechi yoga yoga mangwanani ano.

¹¹ Ndinofara kuona Hama Richard Blair vagere muno. Ndabva kuverenga tsamba pamusoro pechinhu chikuru chakaitwa naMwari pakati penyu ikoko. Rimwe zuva, sokunzwisisa kwangu...ndinogona kunge ndiri kukanganisa, Hama Blair; kana ndiri, mundigadzirise. Vakange vachishanda, vachibatsira mumwe murume kuisa mawaya emagetsi patirera kana zvimwewo, ndinotenda kuti ndizvo. Ndakaverenga tsamba yacho. Zvino pane zvavakapesanisa, zvino, zvisinei, zvakaita kuti magetsi apfuure nemumvura umo makange muine mukomana muduku, mumwe...we—wemurume aiva muridzi wengoro iyi, mwanakomana wake mudiki, aingori mukomana mudiki, zvino magetsi akauraya mukomana muduku uyu. Dumbu rake rakazvimba. Tinoziva kugwinhwa nemagetsi,

kana, uchinge wafa, ndizvo zvinoitika. Maziso ake maduku akapinduka; mazino ake ndokubatana.

¹² Zvakavhundutsa hama zvakaipa. Hama Blair vakati vakafunga kuti vanditsvage pane imwe nzvimbo, kuti ndigomunamatira, asi vakarangarira kuti zvakanzi, “Panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, ipapo ndinenge ndiri pakati pavo.” Zvino baba vacho vakasvuuka ganda reminwe vachiedza kuisa zvigunwe zvavo mukanwa mekakomana aka, kuti uvhurike. Zvino vakapfugama pasi ndokutanga kunamatira kakomana aka, ndokubva kadzokazve kuhupenyu.

¹³ Ichokwadi here, Hama Blair? Mumwe wehama dzedu dzakatendeka dzepano. O, kakomana kacho kari pano. Zvakanaka, tinotenda Ishe. Zvakanaka. Tinoda kuti usimuke, chikomana. Zvino, tinoda kutenda Ishe vanodikanwa nokuda kweizvozvi. Ndivo here baba vekakomana? Ndimi here baba vacho? Ndizvozvo. Zvino vari pano ava Hama Richard Blair. Mwari vedu vanogona kuita chipi hacho. Hongu, changamire. Vakazvivimbisa. Tiri kurarama muHupo hwehuMwari hwaBaba vari Kudenga, hukuru, hunobwinya. Uye zvinhu zvose zvati. . . zvinokwanisika kana tikangozvitenda.

¹⁴ Munoono zvazvinoita, mubhadharo wazvakava kuhupenyu hwemurume uyu paakazvitenda? Zvakaponesa mwanakomana wake muduku. Zvino, Mwari vakange vaine vanoda vavo vakatendeka ipapo, kuti. . .Hama Blair nevamwe, kuti vanamatire kakomana aka pakakange kari muchinhano ichocho. Hongu, kana chinhu chipi zvacho chaitika, rangarirai, muri vana vaMwari mupenyu.

“Panoungana vaviri kana vanodarika muZita raNgu, ndinenge Ndiripo.” Uye zvakanyorwazve zvichinzi, “Ndiye mubatsiri anogara aripo munguva dzematambudziko.” Zvino kana pakambova nedambudziko, akange ari mukomana muduku akange arere, pasi, akafa, nokuda kwekugwinhwa nemagetsi akange afamba nemaari. Nokudaro tiri kutenda Mwari mangwanani ano, nemwoyo yedu yose, nokuda kweizvi, nokuda kwezvinhu izvi zvaVatiitira.

¹⁵ Mwari varopafadze varume ava vakatendeka, zvakare. Munguva yenjodzi ndiyo nguva yekutarisa kuna Mwari. Uye utarire kwaVari, uve nehushamwari naVo njodzi isati yasvika. Izvi tinozviziva. Kana tichifarirwa naMwari, tinokwanisa kuVakumbira chose chose, sezvaunoita kune ipi zvayo shamwari, zvino Ndiye mubatsiri anogara aripo munguva dzematambudziko.

¹⁶ Ndakasangana mumugwagwa, nezuro, nehanzvadzi yeHama John Martin. Ndaive. . . Pane mumwe munhu akange andimisa mumugwagwa, mumwe akapfuura achindisimudzira ruwoko. Paunodzoka kumusha, munoziva, unoono vanhu kwese kwese,

uchimbomira muchikwazisana, nezvakadaro. Zvino mudzimai uyu, ndinorangarira kuti vakambondidana nguva shoma yapfuura, paakadhimirwa nemumwe munhu necheshure, ari mumota, akatsemuka mapfupa emusana zvichikwira nokudzika. Aizenge akawoma mitezo hupenyu hwake hwose. Agere mumusangano mangwanani ano, achifadzwa neHupo hwaMwari. Ndanga ndichitaura naye mune imwe kamuri. Ndinoda kunamata naye, zvakare. Uye anga. . . Ari muno pane imwe nzvimbo. Ndinofungidzira kuti atadza kudzoka muno.

Asi, heunoi, chokwadi, agere pano patiri. Ndizvozvo. Mungasimukewo here kwekanguva, hanzvadzi, kuti vanhu vago. . . Heunoi mudzimai akanzi nachiremba, mazuva mashoma apfuura, haazombofambi, mapfupa emusana akange atsemuka nezvese, kubva mutsaona yemotokari—tsaona yemotokari. Zvino hoyo amire apo, ari mutano.

Munozviva, Bhaibheri rinoti, “Hapana chinopikisa chavaigona kutaure, nokuti murume wacho akange amire pakati pavo.” Ndizvozvo. Heunoi mukomana muduku akamutswa kubva mukufa, uye heunoi mudzimai anga aine musana wakatsemuka, vamire pakati pedu. Zvichangobva mukuitwa, nokudaro Ndiye mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zita raJehovha ngarirumbidzwe! Tinofanirwa kunge tichifara zvikuru kugara muHupo hwaKe, uye nokuziva kuti Ndiye mubatsiri anogara aripo munguva dzematambudziko.

Ndinofara kuona Hama Vayle, Hama Martin, vakawanda vari muno mangwanani ano. Mwari vakuropafedzei hama, zvikuru. Zvino kwa. . .

¹⁷ Ndinoziva kuti muno hamusi kunyanya kutonhorera, nemhomho yose iyi, asi, pandakabva kuTucson musi uno, kwaipisa zvimwe kuda zana nemana kana nemashanu. Nechepakakati peusiku, kwaiva makumi mapfumbamwe nematatu, zvino izvi ndinozvinzwa zvakaninakira zvikuru. Uye paParker vakati kwaive zana nemakumi mana, paChishanu icho isu tisati tasimuka. Zvino munogona kufungidzira kuti kupisa kwakadini. Saizvozvo, murenje.

¹⁸ Uye, iye zvino, misi yeSvondo mitatu inotevera. Nhasi, izuva regumi nemashanu, ndinotenda kudaro, ndizvozvo here, kana kuti gumi nematanhatu; regumi nemashanu, handizvo? Gumi nemasere, nemakumi maviri nemasere, pamwe nezuva rekutanga raNyamavhuvhu, (ndizvozvo here?) Nyamavhuvhu. Musi wemakumi maviri nemashanu. . . Musi wegumi nemasere, makumi maviri nemashanu, newekutanga, pachange paine shumiro paTabhanakeri. Musadaro, munozviva, tinowana vazhinji vanenge vari panze, nokuti, munoona, hatikwanise kuti vari muno, avo vari pano iye zvino, vange vari mukati, munozviva, uye zvinozoramba zvichiipa nokuipa. Itai muchidzoka kana muchikwanisa.

¹⁹ Zvino ndiri pano kusangana pamwe chete nematrustee. Ndava kuti netsekei nenyaya yekunyimwa nzvimbo yepekupindira misangano, pandinenge ndichinzwa kutungamirirwa kuzviita. Saka ndinofunga kuti ndichakumbira kuti hatینگawani here tende redu tori—torisimudza, togara zvedu imomo, munoziva. Toenda uko munhandare yebhora, kana kunze pane rimwe purazi, tichirifambisa kubva pane imwe nzvimbo tichienda pane imwe, sokutungamirira kwaShe. Ndinonzwa kuti ndizvo zvaAchaita. Munoziva, pane chiratidzo maererano nazvo. Zvino ndinofunga kuti zvimwe kuda ndicho chikonzero izvi zvaitika...Zvino, munoziva, nguva zhinji tinofunga kuti zvakashata nokuda kwekuti zvimwe zvinhu zvinenge zvaitika, asi, munoziva, anogona kunge ari Mwari, munoono, anenge achikupinza muzvinhu izvozvi. Apo, paAkazvitaura kuti, Achazviita.

²⁰ Husiku hushoma hwakapfuura, vazhinji venyu, zvingaite semwedzi ndisati ndaenda kuAfrica, vazhinji venyu zvimwe kuda mune tepi, pavanhu vanotora matepi, yekuti, *Kusarudza Muenga*, yakaparidzwa muCalifornia. Maninitsi mashoma okupedzisira etepi iyi, handitomborangeriri ndiriko. Asi Mweya waMwari wakauya neimwe nzira. Ndainge ndichivapomera nepamusoro penzira yemararamiro nemaitiro avo, zvino mushure mokunge Vhangeri raparidzwa nokuratidzwa pamberi pavo zvakanyanya. Zvino, pakarepo, Mweya Mutsvene wakataura uchiti, “Capernaum,” munoono, “iwe guta rinozvidana nezita rengirozi,” ndiyo Los Angeles, “wakakwidziridzwa kusvika kuDenga, asi uchawisirwa pasi mugehena.” Munoono? Zvino mushure mokunge zvapera, sei, ndakange ndiri panze, Hama Mosley naBilly vakange vaineni. Vakati...Vakadzokeramo vakandotarisa, pasi pose pakange pazere nevanhu, vashumiri vachichema.

²¹ Zvino ndakaenda ndikanotora Gwaro. Ndikati, “Pane pamwe pazvinotaurwa muBhaibheri.”

Zvino ndipo apo Jesu aitsuura Capernaum, nemaguta ose epamahombekombe egungwa aAkange amboshanyira. Sei, Akati, “Capernaum, wakakwiridzirwa kusvika kuDenga, uhaburutsirwa pasi mugehena.” Akati, “Dai muSodoma neGomora makaitwa mabasa akaitwa mauri, angadai amire nhasi.” Zvino panguva iyoyo, Sodoma neGomora dzakange dziri pasi pegungwa.

Zvino mushure maizvozvo, zvimwe kuda zana remakore kana zvakadaro, mushure mechiporofita chaJesu, Capernaum, guta roga raive pamahombekombe egungwa raAkashanyira, rakany'ura mugungwa nokuda kwekudengenyeka kwenyika. Zvino munoziva kuti ndiyo mhinduro chaiyo yezvakanangana neCalifornia, neLos Angeles.

²² Zvino kuTucson pane rimwe zuva, ndichangodzoka, kwakave nekudengenyeka kwenyika kukuru kwakaitika ikoko. Vezvesainzi vakange vari paterevhizheni vachizvidhirowa. Zvakange zviri mumapepa. Kuti, nyika, rimwe zuva, yakatsemuka kubva kumaAleutian Islands, kana kuti kubva kuAlaska, zvichipota nekuma Aleutian Islands, kuda mamaira mazana maviri kupinda mugungwa, zvichidzoka nepa San Diego, zvikapoterera Los Angeles, zvikabuda nepaSan Diego. Pakaita mutswe une mainchi akati kuti. Dzimba dzakawira pasi. Mahotera akany'ura.

Zvino vezvesainzi vaiva paboka iri vaka—vakabvunzwa. Vakati, “Zvakanaka, zvingangony'nura nerimwe ramazuva?”

²³ Akati, “Zvingango? Zichatoitika!” Zvino akasevenzesa mazita esainzi ekuti muto unopisa waka. . . Ndizvo zvakonzera kudengenyeka kwenyika uku nguva dzose, munharaunda dzeSan Diego nezasi uko. Inzvimbo yanga yakaita mhango. Iye zvino yose yave kutanga kutsemukira mukati, sejecha ichiwira mukati, uye zvino pave kungova nechigoko. Zvino chakwachuka, nemainchi akati kuti. Vaigona kutora radha nezvimwe, vachitevedza mutswe, vachiumaka. Ndawona pawanga uri.

Chakwachuka, chichiwedzera mamwe mainchi, zvimwe kuda mamwe mainchi maviri kana matatu musi uno wapfuura, zvakare, mushure mokunge chiporofita ichochi chapihwa.

Zvino avo vacho vaibvunza vezvesainzi, vakati, “Zvakanaka, zvimwe kuda hazvisi kuzoitika muchizvarwa chedu.”

²⁴ Akati, “Zvinogona kuitika mumaminitisi mashanu kana mumakore mashanu; asi ichawira chete.”

²⁵ Mai Simpson, handifungi kuti vanesu nhasi. Kana kuti, ndiri kuona Hama Fred vagere pano, asi handizivi kuna Mai Simpson. Vakaenda vakanotora chiporofita chandakaita, kuda muna 1935 kana zvakada kudaro, zvakanzi, “Nguva ichasvika,” zvakanyorwa mubhuku pane imwe nzvimbo, “kuti gungwa richachema richifashukira richipinda murenje.”

Onai zvichaitika. Kana zviuru zvamamaera enyika zvikawira mumuto uri pamwoyo wenyika, zvonyn'uramo, pachave nemamirioni achafa nenguva imwe chete. Zvino izvozvo zvichakonzera zisaisai! Rangarirai, kusvika kugungwa re Salton, iyo yakaderera mafiti zana kana mazana maviri kudzika pasi pegungwa. Mvura iyoyo inenge yoda kutosvika kuTucson, nezisaisai rinenge richifamba. “Zvino gungwa richachema richifashukira richipinda murenje.”

Ndudzi dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,
Zviratidzo zvakafanotaurwa navaporofita
vedu;

Mazuva avaHedheni opera, azere nezvinotyisa;
Chidzokai, O vakaparadzirwa, kunzvimbo
yenyu.

²⁶ Tave munguva yekuguma. Zvino, Ishe vakuropafadzei zvikuru. Ndikangotangana nazvo ndinobva ndakanganwa nezve nguva. Tichanyangadika nokukurumidza, nokukurumidzisa, tichipinda muna Zienda-nakuenda, zvakadaro.

²⁷ Zvino muna Mutsvene Mariko, chitsauko chechinomwe pandima yechinomwe, kuti tiunze musoro wenyaya kuchidzidzo chatichangobva mukuverenga muna maKoronike Vokutanga 13. Kutu tive nemusoro wenyaya, ndinoda Mariko 7:7.

*. . .vanondinamata pasina, vachidzidzisa sedzidziso
mirairo yevanhu.*

²⁸ Zvino, hapana chimwe chandinoziva kunze kweMharidzo iyo yandakapiwa naShe, saka ndizvo zvoga zvandinokwanisa kutaura pamusoro pazvo. Iye zvino, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo mangwanani ano chandafunga kuti chichange chakanaka. Manheru ano ndinoda kutaura nezve, “chikafu mumwaka wakafanira,” kana Ishe vatendera: *Chikafu ChepaMweya Mumwaka Wakafanira*, uye nokuti unoChigamuchira sei. Zvino, mangwanani ano: *Kuedza Kuitira Mwari Basa Ikwo Kusiri Kuda KwaMwari*.

²⁹ Mwari vanoita zvavanoda. Zvino tinoona pano zvakaitwa naDhavhidha, pataverenga mumaGwaro muna maKoronike Vokutanga 13. Zvino akange ari. . .Zvinangwa zvake zvakange zvakanaka. Asi Mwari havatipe mibairo nokuda kwezvinangwa zvakanaka. Pane nzira imwe chete yekushumira Mwari, ndiyo yekuita kuda kwaKe pakuraira kwaKe. Uye Mwari, vanoita zvavanoda, hapana anokwanisa kuVaudza zvokuita kana nemaitirwo acho. Vanozviita nenzira, Vanoziva nzira chaiyo yokuzviita nayo. Zvino izvozvo zvinondiita kuti ndinzwe zvakanaka. Uye zvinofanira kutiita kuti tose tinzwe zvakanaka, uye ndinechokwadi kuti zvinodaro. Nokuti, mumwe anenge achiita kuti Zviuye *neuku*, mumwe woita kuti Zviende *neuko*, uyewo mumwe neimwe nzira.

³⁰ Asi chimwe chinhu chikuru, zvakare, pana Mwari, haVana kutisiya, zvino, tisingazivi Chokwadi pamwe nokuchiita. Vanenge vasina nduramo, kutiranga nokuda kwekuita chimwe chinhu chatange tisingazive kuti chinoitwa sei, zvino votirega tichiwira mune zvimwe zvinhu. Haasi Mwari wemhando yakadaro. NdiMwari vanotaura Shoko vachitarisira kuti vana vaVo vagoRitenda. Zvino, nokudaro, Vanoziva zvakanakisisa, uye nepazvinofanira kuitwa, pamwe nemaitirwo azvo. Isu tine pfungwa dzedu pamusoro pazvo, asi Vanoziva.

³¹ Zvino kana Achinge agadza hurongwa, kuti ndizvo zvaAnenge achizoita, zvino orega kutitaurira zvichange zvichizoitika uye nemaitikiro azvo, zvino isu, tikaita

zveketowira mazviri, tino—tinozoruramiswa mu—mukukundika kwedu; kana kuti, mukuedza kuita chimwe chinhu, mumwe nomumwe anoruramiswa. Asi pane nzira imwe chete, ndiro Shoko raKe.

³² Uye chimwe chinhu, Dhavidha pano, tinoona kuti mumwoyo make aida kuita chimwe chinhu chakanaka. Akange asina chinangwa chakaipa, kana vavariro yakaipa. Asi, imba, kana kuti areka yaJehovha, yakange iri kure neva—vanhu, zvino akange achida kudzosa areka yaJehovha kuti idzokere panzvimbo yayo, kuitira kuti vanhu vagokwanisa kubvunzira kuna Mwari pane zvinhu zvavanenge vachida.

³³ Panzvimbo yekuti—yekuti vangozvisiya zvakadaro, tino . . . Ko dai Hama Blair nababa vekakomana aka vakangoti, “Saka ndizvozvo, unongori munyama wakaiipa, mwana akuvadzwa, auraiwa. Ndinongofungidzirawo kuti, chinongoriwo chinhu chakaipa changoitika?” Asi vakakurumidza kuenda kuna Mwari.

³⁴ Ko dai mudzimai muduku uyu, nemurume wake, mushumiri weVhangeri, husiku hushoma hwakapfuura, kana kuti mazuva, apo mudzimai uyu akatsemuka mapfupa emusana, uyo achangobva mukusimuka . . . Chiremba akange ati, “Achange akaoma mitezo hupenyu hwake hwose.” Ko dai murume wake naiye vakati, “Zvakanaka, mudiwa, tichangogutsikana naizvozvo?” Asi nokukurumidza vakaita chimwe chinhu pamusoro pazvo; vakaenda kuna Mwari. Zvinhu zvingani zviri muBhaibheri zvatinganongedzere kwazviri, zvevanhu vakange vapinda mudambudziko, vakamhanyira kuna Mwari!

³⁵ Saka, zvakadaro, mumazuva iwayo, vaiva nenzvimbo imwe chete yavaisangana naMwari, pakange pari paareka, pasi peropa. Ndiyo nzvimbo yoga yokusanganira kana nazvino, pasi peRopa. Chigaro chetsitsi chaisaswa, kupa tsitsi kumunamati, kana kune mukumbiri, paanenge auya nechikumbiro kuna Mwari. Zvino Mwari vaiva nemaitiro akatsaurwa, nzira yemaitiro awaitawo, zvakare, pamusoro pazvo, uye Akange asingagamuchire chimwe chinhu. Akange asingagamuchire imwewo nzira; kunze chete kwenzira yaAkagadzira.

³⁶ Chikonzero nguva shoma yapfuura ndakaparidza Mharidzo, vazhinji venyu munoziva, kuti, pane nzvimbo imwe chete yakapiwa apo Mwari vanosangana nemunamati, nzvimbo iyo Vakati, “Ndichaisa Zita Rangu.” Kana tikawana chechi yaVakaisa Zita raVo mairi, zvadaro tinenge tawana nzvimbo yacho. Vakati, “Handisi kuzokupafadzai mune mamwe ose masuwo; kunze kwemumasuwo mandichaisa Zita Rangu. Ndichariisa panzvimbo imwe chete, zvino ndipo paunosangana neNi ipapo; uye ndiyo nzvimbo yoga yaNdinosangana newe.” Zvino takaona kuti, naimomo, maVakaisa Zita raVo, zvino

ndiyo nzvimbo yoga yaVanosangana nemunamati. Zvino Zita raVo raive Jesu Kristu. Zita raMwari ndiJesu Kristu.

³⁷ Jesu akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu.” Mwanakomana wose anouya nemuzita rababa vake. Zvino Akauya nemuZita raBaba.

“Uye hapana rimwe Zita pasi peDenga rakapiwa pakati pevanhu,” kunyangwe richinzi Methodist, Baptisti, Presbyterian, church of Christ, kana chimwe chaingadanwa nacho. Pane nzvimbo imwe chete iyo Mwari vanosangana nemunhu, zvino ndokunge kana ari muna Jesu Kristu, nzvimbo yoga. Zvino zvinhu zvakare izvi shure uko muTestamende Yakare, zvakange zviru mufananidzo wacho. Ndiri kuda kuti munyatsozvinzwisisa. Zvino, chidzidzo cheSunday school. Ndine maGwaro nezvinyorwa zvandakanyora pasi pano. Ndakafunga kuti izvi zvichazokubatsirai kunzwisisa, sezvo zvinhu zvakare zvaiitika semuenzaniso kwatiri.

³⁸ Zvino, tinoona kuti Mwari vaive nenzira yekuita nayo zvinhu. Asi Dhavhidha, nokuti akange aropafadzwa naMwari, sezvaaiva, akave mambo, akangofungawo kuti aigona kuitira Mwari chimwe chinhu, nenzira ipi zvayo. Zvino haana kuzviita negwara chairu.

³⁹ Tinocherechedza kuti, Mwari vanozarura Shoko raVo mumwaka waVo waVakafanotemera. Zvino, ko Martin Luther angadai akaziva sei nezveMharidzo yanhasi? Ko kana maPresbyterian? Ko Martin...kana kuti chechi yeKatorike ingadai yakaziva sei nezvemharidzo yaMartin Luther? Ko John Wesley angadai akaziva sei nezvemharidzo yaLuther? Ko Wesley angadai akaziva sei nezvemharidzo yemaPentekosta? Kana kuti maPentekosta angadai akaziva sei nezveMharidzo ino? Munoono? AnoIzarura mumwaka yaKe, nokuti IMbeu. Zvino paInenge ichikura ichiibva, AnoZvizarura.

⁴⁰ Sekupisa kwezuva, kuti izaruke. Kana ichiri nhete iri duku, inobudiswa kubva muvhu, nembeu; zvadaro yoipa mashizha, mune chimwe chiero chezuva. Zuva rinopisa rinoiraya kana iri mbeu iri kuibva...kana kuti munguva yekuibvisa. Nokudaro, Anodzora zuva nekudzora zvisikwa, kuti zvisangane neShoko raKe.

Anodzora Chechi, vakatemerwa, Mwenga, kuti vasangane nemwaka wavanenge vachirarama mauri.

⁴¹ Kana zvisikwa zvinotiudza nhasi, apo tiri kuona nyika dzichipamuka, nyika iri kudhirika, zvinyorwa zvave pamadziro. Tinoona chechi nechinhano chairu machiri.

Tinoona Mwenga nechinhano chaAri machiri. Zvino tinoziva, nezvisikwa, kuti Chechi yave kugadzirira kuenda. Inguva yakabwinyiswa zvakadini! Ndiyo nguva iyo vaporofita vose vakashuvira kuona, nguva ino.

⁴² Zvino, Anozarura Shoko raKe mumwaka waRo chete. Martin Luther akaverenga Bhaibheri rimwechete ratakaverenga. Wesley akaverenga Bhaibheri rimwe chete rakaverengwa naMartin Luther. MaPentekosta anoverenga Bhaibheri rimwe chete ratinoverenga. Jesu akaverenga Bhaibheri rimwechete rakaverengwa nevaFarisei, asi vakange vaine. . . Vaiedza kuchengeta gorosi muchinhano chepakutanga, apo rakange rave kuibva, vanokundika kuona nguva yavo.

Zvino Dhavhidha aita zvinhu zvimwe chete pano.

⁴³ Mwari vanozarura Shoko rino mumwaka, uye kune uyo waVanenge vasarudza kuRizarura kwaari. Mwari vanosarudza waVanoRizarurira. Vakazvisarudza nyika ino isati yavambwa. Mabasa aVo ose Vakafanoaziva, akavanzwa kumunhu. Vanongoazarura sokuda kwaVo. Mwaka waVakazvisarudzira, Munhu waVakazvisarudzira. Uye haVana kumbosarudza bato kana chipoka; munhu anenge akasarudzwa, ndiwo maitiro aVo.

⁴⁴ Ndiyani angaite zvivindi zvokuMugadzirisa, achiti, “Zvino, Ishe, Makakanganisa pamakaisa murume *uyu* mushumiro. Murume *uyu* haatende nematendero edu”? Ndiani achaudza Mwari kuti Vakanganisa panyaya iyi? Zvinotora mumwe munhu ane hundururani hunodarika ini, kuVataurira zvakadaro. Vanoziva zvaVari kuita. Vanoziva wekusarudza newekusasarudza, zvokuita pamwe nenguva yazvinoitwa. Zvisinei kuti tingafunga zvakadini kuti mumwe munhu ndiye akakodzera kuita rimwe basa, Mwari ndivo vanoziva akakodzera munguva nemumwaka, kana nguva nepanguva yakafanira yekuzviita.

⁴⁵ MuKristu chaiye, wechokwadi; mutendi chaiye, wechokwadi muna Mwari, anomirira panaShe pazvinhu izvi. Mirira pashumiro yako. Ukanzwa kudanwa, iva nechokwadi kuti ndiMwari. Iva nechokwadi chekuti zviru mugwara. Iva nechokwadi chekuti zvauro kutaura zviru munguva yacho. Bhaibheri rakati, “Avo vanomirira pana Jehovha vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka nemapapiro sechapungu. Vachamhanya vasinganeti. Kana vakafamba, havazorukutuki.”

⁴⁶ Cherechedzai Dhavhidha, mambo weIsraeri, achangozodzwa. Samueri akadira mafuta pamusoro pake, uye akange akasarudzwa naMwari, kuva mambo weIsraeri. Zvino Dhavhidha akawana chizaruro ichi, kuti agounza areka yaJehovha kuguta raDhavhidha. Zvino, hapana chakaipa, asi, munoona, Dhavhidha akazviita nenzira isiri iyo.

⁴⁷ Zvino, zvinoita sokunge munhu akadaro akawana chizaruro, munhu mukuru samambo akasanangurwa waMwari, mambo mukurusa akamborarama panyika, kunze kwaKristu, ndinofungidzira kuti, akange ari Dhavhidha, nokuti Kristu Mwanakomana waDhavhidha. Zvino, munhu mukurusa

uyu, achangobva mukuzodzwa, achibva muHupo chaihwo hwaMwari, akawana chizaruro chekuitira Mwari chimwe chinhu, uye aida kuzviitira Mwari; asi chizaruro chakange chakatsveyama. Zvino, ichi chinhu chikuru. Zvichashanda nechidzidzo chedu: *Kuedza kuitira Mwari Basa Usina Kudanwa KuRiita.*

⁴⁸ Cherechedzai, Dhavhidha akawana chizaruro. Uye cherechedzai, haasi muporofita, Natanieri, akawana chizaruro. NdiDhavhidha, mambo, akawana chizaruro. Kana Natanieri haana kumbobvunzwa pamusoro pazvo. Haana kumbobvunza Natanieri. Asi mamboona here pano, mumaKoronike Vokutanga, akabvunza vakuru vezviuru, nevakuru vemazana? Haana kumbobvunza Natanieri. Akabvunza vanhu, akabvunzazve vaprisita nevadzidzi veshoko venguva iyoyo, vanyori nevadzidzi veshoko. Dhavhidha akabvunza kutanga, akati, “Kana, izvi, zviri zvaMwari, ngatiendei tinounza areka yesungano yaMwari wedu, kuno muguta, kuti tigobvunza Mwari tisati tawana zvatinaita.”

⁴⁹ Asi akati, mumazuva aSauro, “Vakarega kubvunza Mwari, naiyo—iyo—iyo areka, Urimi, Urimi Tumimi. Vakarega kuzviita.”

Dhavhidha akati, “Zvino ngatidzokerei kuna Mwari, tose! Ngatidzokerei kuchinhu chaicho. Ngatiendei tinotora areka tiuye nayo kuno, tiunze Hupo hwaMwari,” nemamwe mashoko, “muguta. Ngativei nerumutsiro. Ngatidzosei vanhuzve.” Asi akawana chizaruro, chaita kunge chakanaka, asi kwakange kusiri kuda kwaMwari.

⁵⁰ Panzvimbo yekubvunza muridzi wenyaya waaifanira kunge akabvunza, akabvunza vakuru vehondo, nokuti akange achangobva kuva mambo. Zvino akazongoteverawo mafungiro iwayo, aive, evakuru vake vehondo nevanhu vake vakuru.

⁵¹ Zvadarwo akazoenda muchechi yamazuva ese akabvunza kuti vangave here nerumutsiro. Vaprisita, vanyori, nevakuru vezviuru, nevakuru vemazana, akavabvunza, “Uku kwaive kuda kwaMwari here?” Uye vakati ndiko. Asi, munoono, akakundika kubvunza muridzi wenyaya uyo anogaroshandiswa naMwari. Munoono, akatadza kuzvibata.

⁵² Zvino chido chake chakange chakanaka. Chinangwa chake chakange chakanaka. Vavariro yake yakange yakanaka, kuunza rumutsiro muguta, kudzosa vanhu kuna Mwari. Asi haana kubvunza nenzira iyo Mwari vakange vamuti agoita nayo. Munoono?

⁵³ Kunyangwe vanhu vose vakabvumira, pamwe nevaprisita, kuti mambo akange ari muzvokwadi, “Vaida areka kuti idzoserwe muguta. Zvino, vakange vachida Hupo hwaMwari. Vakange vachida rumutsiro.” Asi Mwari vakange vasina kuvimbisa kuzarura Shoko raVo, mumwaka waRo, kuvanhu.

Havana kumbovimbisa kuRizarura kuna mambo, mumwaka. Mwari havashanduke, nepaduku pose. Havana kuvimbisa kuzviita.

⁵⁴ Zvisinei kuti wakaperera zvakadini, une zvinangwa zvakana zvakadini, nevavariro yakanaka zvakadini, uye kuti vanhu varikuda zvinhu izvozvo zvakadini uye vachitoona kudiwa kwazvo, pane kuda kwaMwari kunofanira kuitwa pazvinhu izvi. Ndizvo zvandiri kuda kurovera zvakasimba, nokuti ndiri kuda kuzviita kuti munyatsozviona kana—kana Mweya waMwari uchigara mamuri. Uye ndicho chikonzero ndiri kutora nguva refu ndiri ipapo. Ndisiri kutora nguva yenyu imi vanhu muri parunhare, nenhepfenyuro, asi ndi—ndinoda kuti muzvione. Kana nguva yenyu ikapera, zvino wanai tepi. Nokuti pane. . .

⁵⁵ Zvisinei kuti chiri kudikanwa zvakadini, kana kuti munhu wose ari kuwirirana nazvo kuti chiri kutodikanwa, kana kuti ndezve Chokwadi zvakadini, pane chimwe chinhu chimwe chete chinofanira kuzivikanwa. Uku kuda kwaMwari here?

Zvino, Mwari havana kumbovimbisa kuti Vachazarura zvakavanzika zvaVo kumadzimambo aVo, kuti Vaizozarura zvakavanzika zvaVo kuvanhu vaVo.

⁵⁶ Zvakada kuita semunguva yaMikaya, mwanakomana waImura. Patiri kusiya, kwete nyaya yedu, asi imwe nguva, kuti tiunze izvi kuti zvive chokwadi kwamuri, zvova mazvirokwazvo kwamuri, kuti musazvipotse.

⁵⁷ Kwaivapo, mumazuva aMikaya. . . Akange ari murombo, uyewo aibva kumhuri yevarambo. Asi, Ahabhu, mambo weIsraeri, serudzi rwaiva pasi paMwari, akange azvitsaurira chikoro zvino ndokutora vaporofita vakasarudzwa, vakaitwa zvekutodomwa nevanhu, zvokuti akange aine mazana mana avo vari muchikoro. Zvino vakange vari vanhu vakuru. Vakange vasiri vaporofita venhema. Vakange vari vaporofita vechiHebheru, varume vechokwadi. Uye vaitobvunzira kunaShe nevarume ava. Zvino vaiporofita. Asi, munoona, pakazouya mangange echokwadi, mumwe nomumwe wavo akange ari kunze kweShoko pamwe nekuda kwaMwari. [Vende patepi—Mupepeti.]

⁵⁸ Nokuti Jehoshafati akabva Jerusarema kunosangana na—namambo Ahabhu, ndokupfeka nguwo dzavo, ndokugara pa—pamasuwo, ndokuunza vaporofita pamberi pavo. Chokutanga, Ahabhu akati, “Tine nzvimbo yedu iri paRamoti-gireadhi zvokuti chaizvo izvo ndeyedu.” Zvino, iZVANZI NAJEHOVHA. Joshuwa akange aigovera kuvanhu ndokuvapa, asi vaFiristia vakange vaitora.

Ndokuti, “Kuno vana vedu vanoda chingwa, uye hatina nzvimbo yakakwana yekurima kuti tiwane chingwa. Zvino muvengi wedu, vaFiristia, vari kuriritira vana

vavo, vahedheni, kubva paivhu ratakapiwa naJehovha Mwari.” Zvakanyatsorurama izvi. Akati, “Pano, isu, vanhu vaMwari, tigere pano nevana vedu, tiri kushuvira, zvino ndipo apo muvengi wedu ari kuriritira mhuri yake kubva panyika iyo Mwari vakatidanira kubva muEgipita vakatipa.” Zvinomutsurudza mudzidzi weshoko, handizvo here? Akati, “Tingaende here tinotora nzvimbo yedu yatakapiwa naMwari?”

⁵⁹ Jehoshafati akati, “Hongu, ndichakubatsira. Tiri hama. Iwe ugere muJudha, ini ndiri mu—ini ndiri muJerusarema.” Kana kuti—kana kuti, hazvisi here zvapesaniswa? Ndinotenda... Kwete, ndizvozvo, ndinofunga kuti... Jehoshafati.

Zvisinei, Jehoshafati akange ari munhu akanaka, mambo, munhu wakarurama aida Mwari. Ahabhu akange ari mutendi anongodziya. Saka vakavaunza, zvino Jehoshafati ndokuti, “Tererai, ngatibvunzei Mwari, kutanga. Tinofanira kuwana kunzwisisa pamusoro pazvo.” Munoono, dai Dhavidha akaita zvakaikwa naJehoshafati! Akati, “Hatifanire here kuita izvi?”

Zvino nokukurumidza, nokuti aiva muIsraeri, Ahabhu akati, “Zvirokwazvo. Ndine vaHebheru mazana mana, vakaita sesu, vaporofita vechiHebheru vemusangano redu. Zvino ndichavabvunza. Ivo vaporofita.” Zvino, munoono, kungo...

⁶⁰ Unoti, “Zvinondigumbura, Hama Branham. Muporofita?” O, hongu. Paive nemunwe munguva yaJeremia, akati vachange vari ikoko kwemakore maviri. Ishe vakataurira Jeremia, “makumi manomwe.” Akaisa joko muhuro make, Hanania muporofita, ndokurityora. Asi munoziva zvakazoitika kwaari. O, hongu. Unofanira kugara neShoko.

Zvino vaporofita ava vakauya vakaporofita, vakati, “Kwirako! Ishe vanemi.”

⁶¹ Zvino mumwe wavo, ndinotenda (ndakanganwa zita rake zvino) mukuru wavo, Zedhekiya, ndinotenda, zvinonzi, akapfeka nyanga mbiri dzesimbi akati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Neidzi,” zvino murume uyu akange akaperera, “muchasairira vavengi venyu kudzokera kunyika dzavo, zvino motora izvo zviri zvaMwari. Zvakapuwa kwamuri.” Handitende kuti akange ari munyengeri. Ndinotenda kuti akange ari munhu akanaka. Ndinotenda kuti vaporofita vose vakange vakadaro.

⁶² Munoti, “Vaporofita?” Hongu! Rangarirai, murume akabvumira kufa kwaJesu Kristu, akaporofita, nokuti yakange iri hofisi yake. Ndiye akange ari muprisita mukuru gore iroro. Zvino nokuda kwekuti akange aine hofisi iyoyo, uye ari iye aive akabata hofisi iyi, Mweya waMwari wakauya kwaari. Zvakange zvisingareve kuti akaponeswa kana zvimwewo pamusoro pazvo. Zvino akaporofita, Kaifasi, nokuti yakange iri hofisi yake yakazviita.

63 Zvino vaporofita ava, nokuti vaiva vaporofita, vari vehofisi yevaporofita, vakaporofita. Uye Mweya waMwari wakauya pavari, varume vaiva nezvipo zveMweya.

64 Ndinocherechedza kuti ndiri kutaura nechikamu makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe kubva muzana chemaPentecosta. Asi vanhu nguva zhinji, munhu, Mwari vanogona kushanda navo, ovapa chipo, zvino vanhu vazomanikidzira vanhu ivava. Kana vasina kunyatsodanwa nokutumwa naMwari, zvichaita kuti murume uyu kana mudzimai uyu ataure zvimwe zvinhu zvisiri kuda kwaKe, nokuti vanhu vanovagombedzera kuti vazviite.

65 Nokuti ndakatozobatikidza mufudzi wedu muduku wepano panyaya iyoyi. Ndiri kunze uko mumasango mamwe mangwanani, senguva dzeawa yetatu yemangwanani, zvakanzi, “Enda unotaurira Hama Neville!” Ndakauya kwamuri, handina here, Hama Neville?

66 Munhu wose, “Hama Neville, ndiporofitireiwo. Ndiudzei *ichi neicho*.” munoono? Munozovaita kuti vazotaura zvinhu izvo zvisingazoitika.

“Avo vanomirira,” kuwana kuti zvii zvinoda kuitwa naShe. Munoono?

67 Zvino varume ava vakazvitarisa neziso repanyama, “Ndeyedu.” Asi, munoono, havana kutsvaga Shoko pamwe nekuda kwaMwari.

68 Zvino Mikaya akazouya, zvino akange aine chiratidzo. Akanzvera, kutanga, cherechedzai. Akati, “Mirai. Ndipei usiku hwanhasi. Regai ndimbonoongorora, zvimwe kuda mangwana ndinogona kuzokupindurai.” Haana kubva angoti nokukurumidza, “ZVANZI NAJEHOVHA,” sokunge, aiwirirana nevamwe vaporofita. Akati, “Ndichangotaura zvataurwa naMwari.”

Zvino zuva raitevera, tinoona kuti, Mwari vakamutaurira zvaizoitika. Zvino zvainyatsopesana nevamwe. Zvaipesana, nechikwata chechikoro chose. Zvino kunyange mumwe wavo akauya akamuwatsura mbama kumeso, nokuda kwazvo. Asi, munoono, akamirira. Zvino paakaita saizvozvo, akaenzanisa chiporofita chake, chiratidzo chake, neShoko rakanyorwa, zvino zvaienderana neShoko.

69 Kana mumwe munhu akati iye “awana chizaruro chekubhabhatidza muZita ‘raBaba, neMwanakomana, neMweya Mutsvene,” zvinopesana neShoko. Hapana mumwe wavo akambozviita. Pavanotaura, kuti, “O, tichamira, zvino *ichi, neicho, nechimwe icho*,” nezvimwe zvakadaro, zvinopesana neShoko. Pavanoti “havatendi mbeu yenyoka,” zvinopesana neShoko. Zvimwe zvinhu zvose izvi, zvinopesana neShoko. Zvinofanira kuenderana neShoko uye zviru mumwaka.

⁷⁰ Zvino, dai zviri izvo zvakaitwa naDhavhidha. Areka yakange yave kuuya, asi kwete panguva iyoyo; pakange pasina nzvimbo yokuiisa.

⁷¹ Cherechedzai zvino pavakaenda kunitora areka, vose varemekedzwa vakati, “Ndicho chinhu chinofanira kuitwa, Dhavhidha. Mwari ngaarumbidzwe! Tiri kuda rumutsiriro.” Yakange iri Pentecosta chaiyo, yanhasi; maBaptisti, maPresbyterian. “Dhavhidha, ndiwe mambo wedu! Imi mose...Kaputeni *nhingi nhingi*, naMeja *nhingi nhingi*, neMukuru weHondo *nhingi nhingi*, vachange vari pamusangano wenyu. Handiti, vari kuti ndicho chinhu chinofanira kuitwa, Dhavhidha. Nyika yose inewe.”

Ndiri dambudziko ririko nhasi. Handisi kuda nyika. Ndiri kuda Mwari, kunyangwe pakashaiwa mumwe anomira.

⁷² Dhavhidha akange aine vatungamiriri vemauro vose. Akange aine kubatirana pamwe nemauro. Akange aine kubatirana pamwe nemasangano ose, nevose vadzizi veshoko, nevose, vanhu vose vachiwirirana naye. Ndizvo zvakaita Ahabhu, pamwe nevamwe vari mumaGwaro; asi akange asina Mwari, nokuti akange ari kunze kwekuda kwaMwari. Ndinotarisa kuti tiri kuzvibata.

⁷³ Cherechedzai, vakaita chinhu chose chine zvekuita nekunamata chavaikwanisa. Vanogona kunge vakaisa zvokushambadzira nezvese, “Rumutsiriro rukuru! Areka yave kuzodzozwazve. Tichava nerumutsiriro. Tichange tichizoita *izvi*.”

⁷⁴ Cherechedzai, akatumira vaimbi. Akatumira vanhu vaiva nerudimbwa, nehvamanda, vakaita zvose zvavaiziva zvine chekuita nekunamata; kunyangwe zvakadaro Mwari vakange vasiri mazviri.

Neimwe nzira tiri kuzviona zvichidzokororazve, hatizi here?

⁷⁵ Vakatora vaimbi vose. Vakatora varidzi vose verudimbwa, varidzi vehvamanda; madzimai, varume, newese aiimba. Vakaenda navo ikoko, vakaita zvirango zvose zvinoitwa pakunamata.

Handidi kutaura izvi, asi ndinofanirwa kuzvitauro. Ndizvo zvakaita masangano nhasi, maPentecosta nevose, vari kuita zvirango zvose zvinoitwa pakunamata, zvekuimba nekudanidzira.

⁷⁶ Cherechedzai, Dhavhidha akadanidzira nesimba rake rose, akazhambatata, uye akachirika, akaita zvirango zvose zvekunamata zvaikwanisika; kunyangwe zvakadaro Mwari vakange vasiri mazviri. Chinangwa chake, nevavariro yake, pamwe nezvose zvakange zvakarurama; asi akazviita nenzira isiri iyo. Munoono? Akaita zvirango zvose zvekunamata; akadanidzira, akaimba, akange aine vaimbi vakatsaurwa,

vanodanidzira vakatsaurwa, nezvose. Vakatamba mumweya. Vakaita zvose zvinechekuita nokunamata.

⁷⁷ Zvakafanana nemakrusedhi makuru emunguva yedu. Vari kuda kuti nyika yose iuye kuna Kristu. Hakuna chinhu chakadaro. Mbuserere dzakakura zvikuru, zvinhu zvikuru zvichiitika; dai vakakwanisa kuziva, kuti zuva iroro rakapfura. Yave kuparara. Asi vari kuvaka, makrusedhi, masangano, nezvimwe zvose. Asi, zvakazoitika zvakangoda kufanana nezvakaitika munguva yaDhahidha, hazvina kushanda.

⁷⁸ Tinoenda tonova nembuserere. Vakuru vedu, vamwe vevavhangeri vakuru nhasi, vanoti vanowana zviuru makumi matatu evanenge vatendeuka, mumavhiki matanhatu; zvino gore kubvapo, ukadzokera, haukwanise kuwana makumi matatu. Pane chakatsveyama. Zvazviri, ndizvo zvimwe chete zvakaitwa naDhahidha. Varemekedzwa vakuru, vanhu vakuru, vaparidzi vakuru, zvikoro zvikuru, vatungamiriri vakuru, asi zvakadaro vari kubvunza sangano rakare panzvimbo yokutarisa muchiso cheShoko raMwari voona mwaka paunenge wasvika. Haukwanise kurima zvimwe zvirimwa kunze chete kweimwe nguva yegore.

⁷⁹ Zvino ngationei zvakaitika. Kunyangwe izvo zvavo... Manyawi avo ezvokunamata nezvimwe zvakange zviri chinhu chikuru, zvivo zvavo zvakange zviri chinhu chikuru, makrusedhi avo makuru akange ari chinhu chikuru, kuimba kwavo kwakange kuri chinhu chikuru, kutamba kwavo kwakange kuri chinhu chikuru, kudandidzira kwavo kwakange kuri chinhu chikuru, mumhanzi wavo wakange uri chinhu chikuru, uyezve vakange vaine areka. Yakanakei areka kana pasina Mwari? Inenge ingori bhokisi remapuranga, nehwendefa shoma dzematombo.

Zvakafanana nokutora chirairo, nokubhatidzwa. Zvinobatsirei kubhabhatidzwa usina kutanga watendeuka? Zvinobatsirei, kutora chirairo, wova munyengeri, kana usiri kurarama hupenyu pamwe nekutenda Shoko rose raMwari? Unotora chidimbu chaRo, kwete Rose, zvinoratidza kuti pane chakatsveyama.

⁸⁰ Zvino, kana zvose izvi zvaitika, ngatichionei zvino zvinoitika kana Mwari, nechizvarwa chaVo pamwe nenguva yaVo, zvisina kucherechedzwa; ingori pfungwa yevanhu.

⁸¹ Vanhu vazhinji vakati kwandiri, “Madii mauya kuno mava nemusangano? Zvakanaka, takudana. Saina *ichi, icho*, kana *neicho icho*.”

Mirai! Munogona kunge muri kuchida, asi Mwari vanombotii pamusoro pazvo? Vanhu vazhinji vakati kwandiri... Ndakawana kokero, ndikava nehurukuro, hurukuro nemunhu ari oga nezvimwe, tamirira kwegore. Mirira! Ko ndingazive zvekutaura sei kunze kwekunge Mwari vandiudza zvekutaura?

Munoona, munofanira kumirira! Ndicho chikonzero ndati, “Zvinyore pasi. Regai ndione zvaAnenge ataura.” Munoona? Mirira! “Avo vanomirira pana Jehovha vachavandudza simba ravo.” Ndizvo?

⁸² Cherechedzai, vakangobvunza vapisita vezuva iroro, vadzidzi veshoko, masangano. Zvino cherechedzai, zvavakadaro, kubvunza vapisita nekubvunza vungano, nekubvunza vanhu, vakakanganisa.

⁸³ Cherechedzai, areka yakange iri Shoko. Tinoziva kuti ndizvozvo. Nokuti, areka ndiKristu, uye Kristu iShoko. Munoona? Areka, kana kuti Shoko, haina kuiswa panzvimbo yayo yakagadzwa, yepakutanga, yayakatemerwa pamavambo. O, musatadze kubata zvinhu izvi, chechi!

Zvinhu zvose zvakange zvakarurama, uye zvinhu zvose zvaitaridzika zvakanaka, serumutsiro rukuru rwakange rwouya; asi nokuda kwekuti vakakundika kubvunza munhu ane basa pamusoro pazvo! Vakabvunza vapisita, vakabvunza varemekedzwa, vakabvunza vadzidzi veshoko, vakabvunza vaimbi, vakaisa zvinhu zvose pamwe chete muhumbwe, pamwe neboka guru rehondo, pamwevozve ne—ne—nemawuto enyika. Zvinhu zvose zvakange zviru mukufambirana kuitira musangano mukuru uyu, asi vakakundika kubvunza Mwari. Sezvakaitwawo naAhabhu, sezvakaitwawo nevamwe. Yakange iri nguva yakadini!

⁸⁴ Zvino musapotse izvi. Vakakundika kuitora, nokuti vakange vasina kubvunza. Zvino nokudaro . . . Tarisai. Pakuenda kuvapisita, nokuenda kuvadzidzi veshoko, nokuenda kumauto, vasina kana kumbocherechedza mutumwa wavo wenguva akabva kuna Mwari, Natanieri, vakazviita zvisiri izvo. Vakaenda vakanotora areka vakaiisa pangoro itsva, vakaiisa pangoro itsva, kana kuti, “sangano idzva rinenge rave kutangwa,” kwete nenzira yakapiwa naMwari, yakatamera kuti itakurwe. Yaifanirwa kutakurwa pamafudzi evaRevhi. Asi, munoona, ukatanga zvisiri izvo, unoramba uchifamba zvisiri izvo.

⁸⁵ Kana mbumburu ichinge yakanangiswa pane chimwe chinhu, zvino ukafambisa muromo wepfuti zvisiromanani kubvapo, kwekutanga, pazana remayadi unoguma wachipotsa nemainchi mana kana mashanu. Watanga zvisiri izvo.

⁸⁶ O Mwari, tibatsirei kuziva kuti chinhu ichi chatanga zvisiri izvo, aya makrusedhi makuru enguva, sokudanwa kwawo. Mwari havana kumbobvunzwa pamusoro pazvo. Vapisita nevanhu vezvinamoto ndivo vanobvunzwa. Masangano anobvunzwa. “Zvakanaka, mungavawo here *nezvakadai zvikadai*? Ndinotenda, dai taita kuti munhu wose auye pamwe chete!” Usaise vanhu vose pamwe chete. Ingotsvaka Shoko raMwari panyaya yacho.

⁸⁷ Zvino tinozoona kuti, pavanoita izvozvo, vanoitei? Vanoramba vachienderera mberi nehurongwa hwavo hwakare hwekunamata, huri kunze kweShoko raMwari pamwe nekuda kwaMwari. Chinhu ichocho chakafa, makore akapfuura, zvinhu zvemakore akare zvakawoma.

⁸⁸ Zvakange zvawoma mumazuva aIshe Jesu. Havana kuzviziva. Akati, “Dai maiziva Mosesi, maizoNdiziva, nokuti Mosesi akati ndainge ndichizouya.”

Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje.”

⁸⁹ Akati, “Vose vakafa!” “Mapofu,” ndizvo zvaAkavadana, vaFarisei, vatungamiriri vezvekunamata. “Kunze kwekunge matotenda kuti Ndini Iye, muchafira muzvivi zvenyu.” Asi havana kuzviita. Vakange vasingatsukunyuki panzira dzavo. Vaingozvida nenzira yavo.

⁹⁰ Ndiwo maitiro akaita Dhavhidha. Akazviita nenzira yake, nokudaro akati, “Munoziva zvaNdiri kuda kuita? Tiri kufamba.” Akange aine chizaruro. “Tave kufamba zvino, nokudaro tichazviita nenzira itsva. Mazuva ezvishamiso akapfuura, nokudaro tichazvigadzirira rimwe sangano. Tichavaka ngoro itsva, tichiratidza kuti pane chimwe chinhu chitsva chatanga.” Kwaive kuporofita kwenhema kwakadini!

⁹¹ Munofanira kudzokera kunzira yamakanzi muzviite nayo naMwari. Vaiisa pamafudzi avaRevhi, paive pari pamusoro pemwoyo. Areka, Shoko, harifanire kutakurwa nesangano idzva, pamusoro pepfungwa dzemumwe munhu, asi mumwoyo. Shoko raMwari harisi kuzofanira kubatwa nemasangano; Rinofanirwa kubatwa mumwoyo wemunhu, uko Mwari kwavanokwanisa kuuya Vachizvizarura. Zvino akazarura zvichienderana neshoko, ndiMwari; kana zvisina kudaro, hazvisi.

Uye, zvadaro, Shoko remwaka iwoyo! Chokwadi, muFarisei aigona kuti, “Ndiyani wakatiudza kuti hatikwanise kuita *zvakati nezvakati*? Mosesi ndiye wakatipa kurairwa uku.”

“Asi Mosesi akatiwozve . . .”

Satani akati, “Nhandi, zvakanyorwa kunzi, ‘Acharaira idzo dzaKe Ngiro . . .’”

⁹² “Uye zvakanyorwazve zvichinzi,” akadaro Jesu.

Mwaka, nenguva! “Dai maiziva Mosesi! Mune mumwe anokupomerai, Mosesi. Dai maiziva Mosesi, maiNdiziva,” Akati, “nokuti Mosesi akanyora nezvaNgu. ‘Jehovha Mwari wenyu achakumutsirai Muporofita pakati penyu, werudzi rwenyu; Iyeye vachamunzwa.’” Dai vaiziva Mosesi, vangadai vakaMuziva.

⁹³ Zvino, nyatsotererai, musapotse izvi iye zvino. Munoono, chokutanga, pavakabvunza vapisita, vakabvunza varemekedzwa, vakabvunza mawuto, vakabvunza ungoro, vemunharaunda, kuti vabatane pamusangano yu mukuru

uri kuuya, vakatadza kuzviita nemazvo. Havana kubvunza Mwari. Zvino, nokudaro, havana kudzokera kunoono kuti yaive nguva ipi!

⁹⁴ O, hama, terera. Tiri kurarama munguva ipi? Chizvarwa chipi? Inguva ipiko yatiri mairi? Haisiri iyo nguva yezvinhu zvavari kutaura pamusoro pazvo. Zvakapfuura. Kutongwa kwaswveda zvino. Munokwanisa kuona kuchiyuwa. Munorangarira here dombo pamusoro pegomo? Inguva yekutongwa! Munorangarira here chizaruro, kana kuti chiratidzo cheMwenga? NgaAngochengetedzwa ari mugwara. Musarega Achitsauka kubva mugwara.

Cherechedzai, “Pamafudzi evaprisita!”

⁹⁵ Zvino Dhavhidha pamwe nevaprisita vose, avo vaifanira kunge vaiziva zviri nani, asi chaive chii? Vaprisita vaifanira kunge vaiziva zviri nani. Vanyori, vadzidzi veshoko, vaifanira kunge vaiziva zviri nani, nokuti Shoko rakati vasadaro.

⁹⁶ Zvino nhasi pavanenge vachida kuti, “O, Jesu Kristu haachisiri zvimwe zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndezve kuverenga pfungwa. Ndeizvi, izvo, kana *zvimwewo izvo*.” Vanokundika kuona Shoko rakavimbiswa. “O, ndezve zuva rakapfuura.”

Dhavhidha akati, “O, zvakanaka, chimbomirai zvisoma. ‘Pamafudzi e—evaprisita,’ ndezvakare apo pakabuda Mosesi. Zvirokwazvo, tichaisa pangoro itsva nhasi. Ndawana chizaruro pamusoro pazvo.”

⁹⁷ Vaprisita vakati, “Ameni, Dhavhidha!” Munoona, vakarunzirwa nekanzuru yavo itsva yemubatanidzwa wezvekunamata, kuti vanofanira kunge vari pamwe chete vachiita nenzira *iyi* nenzira *iyi*, ndizvo zvakaite kuti vaprisita vakundike. Havana kubvunza munhu wakafanira. Havana kuzviita nenzira kwayo, nokudaro vakapinda mudambudziko. Hongu.

⁹⁸ Ndinotyira, muzvinhu zvakananda nhasi. . . Apo mudzidzisi mukuru, mumwe mukurusa wemaPentekosta, akamira mberi kweboka rekunamata umwe usiku muChicago. Ndaifanirwa kunge ndaiva nemusangano iwoyo nemaBusiness Men; asi ndakafunga kuti ndaizenge ndiri muAfrica panguva iyoyo, asi ndakazodzoka kwasara zuva rimwe kuti utange. Zvino vakasarudza muPentekosta nyanjere mukuru, akasimuka akavaudza kuti kufamba kwemubatanidzwa wezvekunamata uku ndezva Mwari. Uye akavati ivo vose vari kudzoka, kana chechi yeKatorike iri kudzokera pachinhano chayo chepakutanga, vose vachitaura nendimi seumbow, nezvimwe zvakadaro. Zvino vasingazive kuti muteyo wadhiyabhorosi!

⁹⁹ Zvino mumwe murume wandisingazivi. . . Dzimwe nguva unodyara mbeu; hauzive zvinozoitika. Asi mutungamiriri weFull Gospel Business Men, mushure mokunge mutauri mukuru

uyu achangogara pasi, akati, “Ini handina tsika yokutaura zvinhu zvinopesana nevatauri vedu, asi haisi iyo nzira iyo Hama Branham vakati ndizvo zvaizoitika. Asi vakati ndizvo zvinotungamirira kumunembo wechikara.”

Akati, “Asi Hama Branham havazive zvavanotaura.”

Akati, “Tino . . . tinotenda kuti vanoziva.” Munoono?

¹⁰⁰ Zvino muChicago, akati, “Vangani vari pano vangade kuti ini ndiuye ndigopa maonero angu?” Vakatanganga kuzhambatata nekuita ruzha.

Munoono, uri kudyara mbeu; hauzive zvinozoitika. Ramba uchidzira Mbeu. Kana nguva ichinge yasvika, dzimwe dzacho dzaka . . .

¹⁰¹ SaTomasi, ndiye akave wekupedzisira kuona Ishe. Asi, aifanira kuMuona, kuti aMutende. Munoono, kana vachinge vazviona zvichitika. O, Tomasi akauya, asi akange ati nonokei.

¹⁰² Zvino kana vachiona zvinhu zvakaporofitwa, uchiti ZVANZI NAJEHOVHA, zvoitika, zvino vanoti, “Tipeiwo mamwe eMafuta enyu.” Maona?

¹⁰³ Asi zvino cherechedzai, runziro. Dzimwe nguva vanhu vakuru vauya pamwe chete. Unovanzwa vachiti, “Mukuru *Nhingi nhingi*, nemukuru *Nhingi nhingi*, mukuru wedu . . .” Musambofa makadaro.

Hapana vakuru pakati pedu. Pane mukuru Mumwe, uye ndiMwari. Tiri hama, nehanzvadzi. Handina basa kana uchifudza chechi inevanhu vashanu mairi, hazvikuite mudiki; zvinokuita hama, munoono, kana wakatendeka kuShoko raMwari. Handina basa kuti chii, sei; hauite mudiki. Mwari havana vana vadiki nevana vakuru. Vanongori nevana. Vose vakafanana.

¹⁰⁴ Cherechedzai, Mwari Pachake akaburuka kubva pamuzinda muchena wekuBwinya, kuti ave mumwe wedu. Zvino ndiyani mukuru wacho? Akatora . . . Kwete kuuya pasi pano kuzotora chimiro chemuprisita, asi muranda. Vakashamba iro ivhu raVakasika, tsoka dzevaapostora vaVo nevamwe. Zvino ndiyani mukuru?

¹⁰⁵ Asi varume ava, vakarunzirwa. Havana kunzwisisa. Vakafunga kuti chimwe chinhu chitsva chakange chichazoitika, kwete, chimwe chinhu chakange chisina kutaurwa naMwari ndicho chaizoitika. Vakazviita nenzira isiri iyo.

Ndicho chikonzero cheshungu dzose idzi, apo va . . . pavakatanga kumashure uko, kare kare, sangano roga roga raifanirwa kunge riine Munamatiri wavarwere vachipora; sangano roga roga raifanirwa kuva riine *izvi*, *izvo*, kana *vimwewo izvo*. Sangano roga roga raifanirwa kuva naDhavhidha mudiki. Rimwe nerimwe raifanirwa kuva ne*izvi*,

izvo, kana *zvimwewo izvo*. Munoono zvakaikita? Zvakaita zvimwe chete sezvazvakamboita apa. Zvimwe chete. Runziro!

¹⁰⁶ Shoko remwaka, munguva yavairarama, vakarega kuricherechedza.

¹⁰⁷ Cherechedzai, “mafudzi evaRevhi,” ndiyo nzira yepakutanga, yakapiwa naMwari yekuzviita. “Takura areka pamafudzi evaRevi.” Chipi zvacho chaive chisiri izvi chainge chichipesana. ZvaAkataura, ndizvo zvaAireva. Mwari havashanduki. Ndicho chikonzero, garai neShoko raKe! Ndine Gwaro, hongu, 1 maKoronike 15:15, kana muchida kuzvinyora pasi. Cherechedzai.

¹⁰⁸ Zvino cherechedzai, ipapo, mukutevera Mwari. Zvino ndiri kuda kuti muite kakuzvinyora mundangariro dzenyu. Kuchengetedza mirairo yaMwari, kuitira Mwari chimwe chinhu, kuitira—itira Mwari basa nemazvo, pane zvinhu zvishanu zvaunosungirwa kuita, kuti uite basa raMwari nemazvo.

¹⁰⁹ Zvino Dhavhidha akange ari kuitira Mwari basa. Aiiita zvose zvaaziva, kunze kwekuzosiya Mwari. Munoono? Akange ari kuita chinhu chakanaka, chinhu chakanakira vanhu, chinhu chakanakira chechi.

¹¹⁰ Asi pane zvinhu zvishanu zvinosungirwa kuitwa. Ndinoda kuti muzvirangarire. Zvisinei kuti munhu akaperera sei mukuzviita, achiitira Mwari basa, ichi, izvi zvishanu zvinofanirwa kunge zviripo.

Kutanga, inofanira kunge iri nguva yaKe yekuzviita.

¹¹¹ Ko dai—dai Mosesi akauya, achiti, “Tichavaka areka tofamba nayo nemuNile, sezvakaitwa naNowa”? Nguva yaNowa ndiyo yakange yakafanirwa neareka, asi kwete nguva yake.

¹¹² Ko dai Jesu akauya, achiti, “Zvino regai ndikuudzei zvatiira kuda kuzoita. Tichangoenda pamusoro pegomo, sezvakaita Mosesi, tonotoro bumbiro idzva remitemo”? Munoono? Huh-uh! Ndiye aive murairo wacho. Munoono?

¹¹³ Unofanira kunge uri munguva yaKe. Zinofanira kunge zviripo mumwaka waKe. Mazvibata here zvino? Zvinofanira kuva munguva yaKe. Zvinofanira kunge zviripo mumwaka waKe, nguva nemwaka.

¹¹⁴ Uye zvinofanira kunge zvichienderana neShoko raKe rakataurwa. Zvinofanirwa. Handina basa kuti unotaura zvakana sei kuti *izvi* ngazvidai, kana kuti *izvo* ngazvidai, kana kuti *izvi* ngazvidai. Zvinofanira kunge zvichienderana neShoko raKe; zvichienderana nenguva yaKe pamwe nemwaka waKe.

Uye zvinofanira kupiwa zvichienderana, nemunhu waAkasarudza kuzviita naye.

115 Handina basa kuti pane varemekedzwa vangani. Heunoi mambo Dhavhidha, ari mukuru somumwe nomumwe wavo. Akange ari mambo pamusoro penyika. Asi Akange aine maitiro ake, uye Akange avaudza kuti Aizozviita sei. Asi vakakundika kuzviita.

116 Zvinofanira kunge zvichienderana neShoko raKe; zvichienderana nenguva yaKe, zvichienderana nehurongwa hwaKe.

117 Zvino zvinofanira kuitwa nemunhu waAkasarudza kuzvipa pamwe nokuzviita. Mosesi akamboedza kuzvitiza, “Torai zvenyu mumwe munhu.” Asi Mwari vakasarudza Mosesi kuti aziite. Vazhinji vavo; Pauro akamboedza kubuda mazviri; nevamwe vazhinji. Asi zvinofanira kuitwa neuyo waAkasarudza kuti aziite.

Uye zvinofanira kuuya, pakutanga, kuvaporofita vaKe. Shoko raMwari rinofanira kuuya kuvaporofita vaKe. Amosi 3:7, “Ishe Mwari hapana zvavanoita kusvikira kutanga VaZvizarurira kuvaranda vaVo vaporofita.” China.

118 Zvino muporofita anofanira kusimbiswa neShoko raMwari.

119 Hezvinoi zvinhu zvishanu zvinofanira kuitwa. Zvinofanira kuva saizvozvi. Nguva yaKe, mwaka waKe, waAkataura kuti zvaizoitika; nemunhu waAkasarudza; uye zvinofanira kuuya kumuporofita; uye muporofita wacho anofanira kunge ari muporofita akasimbiswa. Tinoona kuti, vazhinji vavo muBhaibheri, zvaiuya kuvaporofita uye hazvina kusimbiswa. Muporofita wedu ndiJesu Kristu.

120 Saka zvino cherechedzai, munoona, Mwari vakange vasina kuzvizarura kwavari nenzira yaVakapa yemaitirwo azvo. Vakange vagamuchira nzira yaDhavhidha. Vakange vagamuchira nzira yevapisita. Vakange vagamuchira nzira yevanyori, yevadzidzi veshoko, asi kwete nzira yaMwari. Natanieri, akange, ndiye aive muporofita wezuva iroro. Pamberi apo, Natanieri akazovaudza maitirwo azvo. Asi, munoona, vakange vazviita vasina kubvunza Natanieri. Hapana shoko rimwe rinoti Natanieri akabvunzwa. Runziro yose, zvinhu zvikuru zvakange zvichiitika! Uye, zvangu ini, ndiri kufunga chimbo chiya, “Ngatirambe. . .”

Ndibatsirei, Ishe, apo mwoyo ichifara,
Ndinipise kuzvikudza kwangu (kuenda
nevose), ndingodana paZita reNyu;
Ndidzidzisei kusavimba nezvinoitwa
nevamwe,
Ndingomirira ndiri mumunamato mhinduro
inobva kwaMuri.

Munoona, ndizvo zvazviri. Regai ndizvione zvichiitika nenzira kwayo, zvadaro zvinozotendwa.

¹²¹ Zvino, Mwari vakazarura chinhu ichi kwavari naDhavhidha, nevashumiri, pamwe nevanhu, nevakuru vezviuru, nevakuru vemazana, asi kwete naNatanieri akange aine ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino Ishe vakati hapana zvaVaizoita kunze kwekunge varatidza muporofita wechizvarwa, kutanga, izvo zvokuita. Munoono here zvavakaita? Vakabuda kunze kweShoko raMwari, vakaenda vakanoisa areka pangoro itsva. Munoono? Saka vakaenda vakanozviita kwete sekuraira kwaMwari pamwe nenzira yakapiwa naMwari.

Zvino ndizvo zvakaitikawo muzuva rino, vashamwari. Ndicho chikonzero takava nemakrusedhi makuru, nezvimwe zvose, pasina chinobudirira. Upombwe hwoanda, zvivi zvowanda, kuwanda... ndinokutaurirai, nyika ino yaparara, kwete nyika ino yoga, asi nedzimwe nyika. Nyika ino, seIngirande mune chimwe chizvarwa, ndiyo yave chipfeve panyika dzose.

¹²² Zasi muMozambique, mamaera mazana mana ane makumi masere kubva muchirungu, mumasango matema, vadiki vechimanjemanje vanoterera Elvis Presley, vachigwina misoro yavo pamwe vachitamba vachikwira nokudzika saizvozvi, husiku hwose, vachigara ne...Kana kuti, tumawairosi twaikwanisa kubata zvaibva zviuru zvamamaera, kubva uko kuRhodesia, kuti vanzwe Elvis Presley. Uye vanoti, “Munhu anobatikana zvikuru nezvekunamata, iye naPat Boone, nevamwe.” Nhandi, ndiye Judhasi wenguva ino, uye haazvize. Ndipo pazvakashatira ipapo, vanotenda kuti vari—vari muchokwadi.

Ko Jesu haana here kuti kuChizvarwa cheChechi yeRaodhokia, “Hauna kusimira, hauna mufaro, unosiririsa, uri bofu, uye hauzvizivi”? Hauzvizivi!

¹²³ Saka, vana vechidiki vePentecosti muAfrica neve munharaunda, vanoti, “Ndizvo, Elvis Presley, anoimba zvakaisvonakisisa kudarika zvawakambonzwa.” Handizvipokani asi ndizvo zvakaitwawo naDhavhidha, zvakare; handizvipokani asi ndizvo zvakaitwawo nevaimbi, asi zvakakonzera rufu kuti rurove mumusasa. Munoono here kwavari, nekwatiri isu nhasi, vashamwari?

¹²⁴ “Pamafudzi evaRevhi,” ndiyo yaive nzira yaMwari yepakutanga yokuzviita nayo. Zvino vakange vaiisa pangoro itsva. Zvino, hazvizomboshande. Havana kubvunza nenzira kwayo. Munoono? Nokudaro vakabuda, vachinoita, vakaenda vakanozviita nenzira isiri iyo.

¹²⁵ Ndizvo zvaitikawo nhasi. Apo vanhu, zvisinei kuti vakaperera zvakadini, vakaedza kuMuitira basa zviri kunze kwenzira yaKe yaakapa yekuzvizarura nayo, vanozvikanganisa nguva dzose. Mwari vanozvigadza nenzira yaVo. Vanhu, zvisinei

kuti vakaperera zvakadini, mukaedza kuzviita zviri kunze kweizvi, mu—munozvikanganisa.

¹²⁶ Sezvakange zvakaita Bharamu, mumazuva aBharamu. Mwari vakataurira Bharamu, muporofita uya. Akange ari muporofita, muporofita Bharamu. Akange ari muporofita, uye Shoko rakauya kwaari zvakananga, richiti, “Usaenda ikoko. Vasanangurwa vaNgu. Isarudzo yaNgu.”

Zvino Bharamu akaenda nevaremekedzwa, varume vehondo, vaparidzi, varume vane runziro, akati, “Zvakanaka, ndi—ndichakataurirai, mambo acha . . .”

Munoona, zvfananidzei naDhavhidha, zvfananidzei nanhasi. Chingotorai zvinhu zvose mumufananidzo, zvino munobva mazviona. Murikuzviona? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munoona, munoona, sezvazviriwo iye zvino.

¹²⁷ Asi vashumiri vakati, va—va—vaprisita vakati, vanyori vakati, vadzidzi veshoko vakati, “*Iyi* ndiyo nzira yazvinofanira kuitwa nayo.” Asi, yakange isiri, uye zvakaonekwa kuti yakange isiri.

¹²⁸ Zvino Mwari vakataurira Bharamu, uyo akange ari muporofita, kutanga, Vakamutaurira, “Usaendako.”

¹²⁹ Asi runziro yevamwe vanhu ava yakamuita kuti azviite zvichipesana nemaitiro aakange audzwa naMwari kuti aite, zvino chakave chituko panzvimbo yerumutsiriro. O, chokwadi, akaenda ikoko akadzidzisa vanhu, achiti, “Zvino chimbomirai! Munozivei?” Akati, “Tiri—tiri vaMoabhu. Munorangarira, mwanasikana waRoti ndiye vahosi vedu. Ndiye mavambo edu. Tose tiri veropa rimwe. Tose tiri . . . Tose isu masangano takafanana.” Musazvibanidze nechinhu chakadaro. Garirai kure nepo. Munoona? Saka akati, “tose takafanana. Handiti, vanhu venyu vakangoita sevanhu vangu. Tinokwanisa kuroorerana, pakati pedu, kuti togova nechaiyo kanzuru yemubatanidzwa yezvekunamata. Munoona? Tose tinogona kuungana pamwe tobva tadzoka kuva chinhu chepakutanga zvekare.”

Mwari vakatuka chinhu ichocho. Israeri haina kumboregererwa chivi ichochi. Chakazogara navo mazuva avo ose. Hachina kumboregererwa. Vakapararira murenje nokuda kwacho. Ndizvozvo. Nokuti havana kutora nzira yakapiwa naMwari yakauya nenzira yemaitiro aVakasimbisa.

¹³⁰ Cherechedzai, chinhu ichi chavakaita chakakonzero Israeri kuti igofa rufu, murenje. Zvino Jesu akati, “Vose vakaparara uye vakafa.” Tarirai muone kuti ndiani akamira naMosesi kumashure uko, Joshua naKarebhu, mu—muchirongwa.

¹³¹ Cherechedzai zvakare, heunoi Dhavhidha, zvaakaita. Zvino paakazviita, zvakaitei? Zvakakonzera rufu kuti rwurove munhu akaperera.

Zvino, ndinofunga kuti tichiri pamafoni, uye ndiri kuda kuti imi munzwe kumatunhu ose.

Chinhu ichi chakaitwa naDhavhidha, asina kubvunza Natanieri uye asina kuwana Shoko raMwari pazviri, zvakakonzera rufu kurova vanhu vakange vakaperera. Hongu, changamire. Akatambanudza ruwoko rwake kuti abate, rwakange ruchimbogara muhupo hweareka; yakabuda kubva mumba make—make. Zvino nzombe dzakagumburwa, zvokuti areka yakange yave kudonha.

¹³² Vakatenge vatoita chimwe chinhu zvisiri izvo, zvinhu zviviri zvakakanganiswa. Kutanga, havana kumbobvunza Natanieri. Chinotevera chavakaita, vakaendako vasina kubvunza Shoko raMwari. Iro, avo . . . Samere ndiye akange ari Shoko muzuva iroro . . . Zvino havana kumbobvunza Shoko raMwari. Zvadaro, pavakazozviita, vakaenda zvichipesana neShoko raMwari.

Zvino heunoi munhu wakanaka, akamhenge ari muchengeti, akange ari mubhishopi, akafunga, “Saka, pano apa, handisi kuda kuti pave nekukundika Mwari,” saka akabata areka. Apo, akange asiri muRevhi, akabva afa. Zvinhu zvitatu!

¹³³ Nyatsofungisisai zvakadzama, motarisa izvo zvaitwa nemasangano nhasi. Munoono, vakaZviramba, vakaZviti “dzidziso yenhema.” Munoono? Chitarirai pavave. Vachawana kanzuru yavo yemubatanidzwa, zvakanaka. VakaZviti “kuverenga pfungwa,” apo Mwari pachaKe ari kuZvisimbisa kuti iChokwadi, pamwe nokuZviratidza kuti iChokwadi. “O, rinongori boka retuvanhu tunopenga turi uko,” vanoti, “havazivi zvavari kutaura.”

Ndizvozvo, hatizivi. Asi tinongotaura maShoko aKe, zvino Iye ndiye anoziva zvaArikutaura, munoono. Handikwanise kuZvitsanangura, hapana mumwe anogona, asi Iye—Iye—Iye anoZvisimbisa.

¹³⁴ Zvino cherechedzai. Vatendi vazhinji vakatendeka muzuva rino, vanouya kuna Kristu, vanoda kuuya nemwoyo wavo wose, vanouraiwa pamweya nenzira imwecheteyo. Vanhu vazhinji vakaperera vanoenda kucheche yeKatorike vachida kuti vave maKristu, vanoenda kuMethodisti, vanoenda kuBhaptisti, church of Christ, uye kana kumaPentekosta, munoono, vachida kuva maKristu, voisa ruwoko rwavo pazviri, vozvibanidza navo.

¹³⁵ Zvino Dhavhidha paakaona izvi zvaitika, zvakamupeputsa. Usazopepuka nguva yaperera kunze uko, hama. Akaona kuti rufu rwakange rwarova.

Ndiratidze zvihereko zvacho. Chii chakaitwa kunyika, neku—kuboka revatendi, neurwu rwatiri kuti rumutsiriro, rwekudzorera vanhu mumachechi? Hapana zviripo kunze kwekugadzira mapato nemasangano matsva, nguva dzose, nenhengo dzichiwanda nezvakadaro. Nyika yave nani here? Vakati vachazo. . .

¹³⁶ “America. Mwari aropafadze America. I—inyika, inyika yechiKristu.”

Iri kure nokuva nyika yechiKristu nemamiriyoni emamaera. Handitomboinatire. Ndingainamatire sei, uye haisi kutendeuka pasi pemasimba makuru aMwari achiratidzwa pamberi payo; uye ichiramba, pamwe nokuvhara mikova kwaZviri, vachifamba vachienda? Ndinoikumikidza kuna Mwari. Zvino iri kuramba ichitaramukira kure. Zvino ichanyura. Chingotarirai zvichaitika.

¹³⁷ Vanhu vazhinji vakaperera vanoenda kunojoina masangano, kana rimwe boka, kana chinamoto chakatsauka cheimwe mhando, zvino ndipo pavanofira, pamweya. Hapana zvaunogona kuvataurira. Zvinhu izvi zvinonyatsorovedzerwa mavari, “Handiti, mabhishopi aya akati izvi. Uye *uyu* akati izvi, *uyu* akati izvi.” Unovaraidza muno muShoko raMwari mune ZVANJI NAJEHOVHA. “Asi mufudzi wedu. . .”

Handina basa nezvinotaurwa nemufudzi wako, handina basa nezvandinotaura, kana zvinotaurwa nemumwewo munhu. Kana zvichipesana neShoko raMwari rakasimbiswa, awa, nenguva, neMharidzo, nezvakadaro, kanganwa hako. Garira kure nazvo. Zvino ndinofanira kuzomira pamberi pemumwe nomumwe wenyu muZuva reKutongwa, uye munozviziva. Uye handingade napaduku pose kuzvita, ndichiziva kuti ndave mutana zvino. Ndicha. . . Hazvireve kuti pane zvandinoziva, asi Iye anoziva. Ndinongotevera zvaAkataura.

¹³⁸ Tarirai muzuva ranhasi pamakrusedhi makuru atakava nawo munyika muno. Zvakaratidza kuti zvakashaya basa. Zvino Jesu haana here kutaura pano, Ruka 7:7, “Vanondinamata pasina”? Zvakashaya basa Dhavidha paakaunza areka. Zvakashaya basa kudzidziswa kwakaitwa vaporofita naAhabhu. Zvakashaya basa kutorwa kwemari naBharamu. “Kudzidzisa seDzidziso iyo iri mirairo yevanhu.” Mirairo yaMwari ndiyo ine basa, zvisinei kuti wakaper. . .

¹³⁹ “Vanhu vacho vakanyatsoperera.” Unozvinzwa kakawanda, “Vakanyatsoperera.” Hazvina zvazvinoreva. Zvapupu zvaJehovha, Savadha, nezvimwe zvinamoto zvose izvi zvakatsauka, vanoenda mumugwagwa vachinoita zvinhu zvisingakwaniswe kana nemumwe wedu. MaKatorike vanomira pakona vachipemha, nezvakadaro, chechi dzakadaro, vane mabhiriyaoni nemabhiriyaoni nemabhiriyaoni emadhora, asi vachiramba vachipemha. Vakaperera, handizvipokane.

Machechi anoenda achi—achiparidza, nezvakadaro, uye vashumiri vanomira mupurupiti vachiita zvose zवानokwanisa kuti vawane nhengo itsva muchechi dzavo; asi iareka itsva.

Pane Areka inwechete yekutevera, ndiro, Shoko raMwari. Chose chinopesana neAreka iyi, garira kure nacho! Chiri pangoro itsva, kwete pamafudzi aMwari. Ndizvozvo. Garira kure nechinhu ichi. Usawane chokuita nacho.

¹⁴⁰ Makrusedhi edu makuru, mabhiriyoni nemamiriyoni vakatora sarudzo. Zvino handitendi kuti pachasara zana ravo, kubva pane vose ivavo. Munoono, hapana chakange chiripo.

Zvino chitarisai kuShoko revimbiso.

¹⁴¹ Muchafunga kuti zvakundika, zvino tinoziva kuti zvakakundika. Vamwe vevakuru vakuru vedu ve—verumutsiriro munyika ino nhasi vari kuti zvakundika zvachose. Chechi iri kuziva kuti zvakundika. Munhu wose ari kuziva kuti zvakundika. Saka, sei zvakadaro? Sei zvakundika?

Zvaiva nechinangwa chakanaka. Zvaizounza vanhu muHupo hwaMwari, makrusedhi makuru. Uye mamiriyoni evanhu vakashandisa mari yavo, vakagadzira makrusedhi makuru. Machechi ose akabatana pamwe, maodhitoriyamu makuru, nezvinhu zvikuru, uye zvinhu zvikuru zvikaitika. Sei zvakakundika? Nokuda kwekuti havana kuziva nguva yavairarama.

Ndokusaka Jesu akamira, Akachema mumwoyo maKe. Misodzi yakamhanya ichidzika nematama aKe, Akati, “Jerusarema, O Jerusarema, kanganiko kandigadai ndakakuvhumbamira sehuku inovhumbamira nhiyo dzayo. Wakataka nemabwe muporofita wose wandakakutumira. Asi iwe wakaramba. Asi zvino nguva yako yasvika.”

¹⁴² Hamusi kunzwa here Mweya Mutsvene uchidanidzira kubva mamuri? “O, United States nepasi rose, kanganiko kandigadai ndakakuunganidzai, asi makaramba. Zvino nguva yenyu yasvika. Mwari wenyu wemafaro, mwari wenyu wetsvina, mwari wenyu weSodhoma neGomora, auya pakati penyū.” Kana vechidiki vedu, vogerwa semabeatles vaine vhudzi rinodzika nokumeso kwavo, mviro mviro dzekutangwa kwevana vakatsveyama. Madzimai edu vaparara. Hapachisina chiyamuro. Vanhurume voita semazidzimai, vachifamba vakapfeka, zvikabudura, vachiita semusikana, vhudzi richiyerera kusvika muhuro. Zvino tave vemuSodhoma, zvino moto pamwe nehasha dzaMwari zvakatimirira.

¹⁴³ Munoziva here maurairo aAchaita, kuti Achai paradza sei? Nenzira yaagara Achizviita. Kana chipfeve chaita zvakaipa, chaifa nokutakwa nemabwe; vakanhonga matombo vachida kuiraya mudzimai uya aive chipfeve. Ndiwo maurairo aAchaita chechi. Bhaibheri rakati Achanaisa chivhuramahwe kubva

kudenga, chinen ge chichirema chimwe choga zana remapaunzi, zvino achavatema. Ndiyani achaMumisa? Isainzi ipi inoti Hazvikwanisike? Achazviita.

Zvimwe chete sekugadzira kwaAkaita areka ndokuponesa Nowa ari pamusoro pemvura, Achazviitazve kuChechi yaKe.

Zvino nemirairo yaKe nemaitiro aKe, Achataka nemabwe chipfeve ichi chakaita upombwe nemadzimambo nevakuru vemazana nezviuru. Achamutema kusvika afa, nemitemo yaKe yaAkagadza muhurongwa. Ndiyani achaMutaurira kuti haAkwanise kugadzira chivhuramahwe?

¹⁴⁴ Bvunza mumwe munhu anoziva kuti donwe remvura inonaya rinotanga sei. Zvino rinopinda mudenderedzwa, rodzoka richizeeswa muchamupupuri; roramba richinhonga mamwe akawanda, kusvika rave nehumwe huremu, zvino zvadaro rinobva rawira pasi.

Iye, Mwari, Aka...simba rekudhonzera pasi renyika rakatadza kuMubata kuti arambe ari panyika, Akakwira kuenda kuDenga. Mwari, Akagadzira simba renyika rekudhonzera pasi, anokwanisa kugadzira chamupupuri chakakura zvekukwanisa kuzeesa dombo rinorema kusvika zana remapaunzi. Akati Achazviita, uye Achazviita. Ndiyani achaMutaurira kuti asazviite? Achazviita, nokuti Akati Achazviita.

¹⁴⁵ Tiri mumazuva okupedzisira. Timire pedyo nekutongwa. Sei? Chechi yePentecosti, iri kuedza kudya mana yakawa kare makore makumi mashanu akapfuura. Chechi yeHoliness iri kuedzawo, pane zvevakore mazana maviri emakore akapfuura. MaLutheran, zvimwe kuda pane zvevazana matatu, emakore akapfuura, kana kudarika, mazana mazhinji emakore akapfuura. Vari kuedza kudya mana yakare. O, hama, zvinhu zvakawora. Zvinhu zvakasvibiswa. Zvicha...Zvine—zvine... Sei, ndinowanzoti, zvine tupurunya, makonye. Zvinokuuraya, ukazvidya.

¹⁴⁶ Zvionei kuti dai Dhavidha kana kuti dai paive nemumwe wavo akabvunza Chingwa chenguva iyoyo.

Dai vapisita, nevaporofofiti, nevaparidzi, nevadzidzi veshoko, nezvikoro, nemasangano, vakange vangobvunza nguva! Asi zvino hazvichavabatsire. Yakasotama kare. Hazvichavabatsira nepaduku pose. Yaparara zvino. Yakayambuka mutsara uya makore mashanu apfuura, uyo uri pakati pokutendeuka, kutongwa pamwe netsitsi.

¹⁴⁷ Cherechedzai, chii zvino? Chii chinogona kuitwa? Chii chave kufanira kuitwa? Ngatibvunzei muporofofiti, Bhaibheri, kwatisingagoni kututsira kana kutapudza kubva paRiri. Kana tikadaro, Mwari vanotibvisa kubva muBhuku reHupenyu.

Bhaibheri rakataura, muna Maraki 4, izvo zvinozoitika muzuva ranhasi. Zvakazarurwa 10, kuti zviSimbiso zviNomwe zvinozovhurwa zvozarura zvakavanzika zvose izvi zvakange zvakavanzika munguva dzevavandudzi! Akataura maitirwo azvo. Zviri mubhaibheri, ZVANZI NAJEHOVHA. Mwari vakanyotsozvizivisa zvizere, zvakakwana; uye vakaZvisimbisa kuti iChokwadi, nezviratidzo, nemashura mumatenga, mudenga, nezvese, kwemakore makumi matatu ane matatu.

Munofunga kuti vanoZviterera? Kwete. Vakafa. Vakaisa ruwoko rwavo mune chinhu chauraya zvose. Kwete, hazviiti; hazviiti, kana narinhive.

¹⁴⁸ Zvakaitika kuti pakaitika chinhu ichi, ndipo Dhavhidha paakazoono. O Mwari, titumirei Dhavhidha anokwanisa kuona paamire, anokwanisa kutarisa oona kuti Mwari vakapa vimbiso, uye kuti Vachaizadzikisa sei muzuva ranhasi. Mwari vakazvitauro muno muShoko raVo, kuti Vachaziita sei.

¹⁴⁹ Mwari vakataurira Mikaya. Mikaya akanzvera chiratidzo chake pamberi pemazana mana evaporofita vane mutsigo. Akanzvera chiratidzo chake kuti aone kuti chaive mazvirokwazvo here. Akatarisa shure kune zvakange zvataurwa nemuporofita akange amutangira mberi kwake, kuti aone zvakaitika. Akatarisa shure, akaona uya Eriya amirepo, achiti, “Ahabhu, imbwa dzichananzvawo ropa rako, zvakare.” Zvino, akaona ipapo kuti chiratidzo chakange chichienderana neShoko raMwari, ndokubva achitaura. Zvino akange ari mugwara. Ndizvo. Zvisinei kuti vamwe vose vaiti kudini, akaramba akamira neShoko iroro.

¹⁵⁰ Zvino ngatitarisei pachiratidzo chatiinacho nhasi. Kuvaka machechi here; zvinhu zvitsva here; zvinhu zvikuru here zvichazoitika? Kana kuti, kutongwa here? Tarirai shure mugoono vimbiso yanhasi, mugoono mwaka watiri kurarama mauri.

¹⁵¹ Munoti, “Zvakanaka, Mwari ngaarumbidzwe, hama, ndakaperera. Ndakajoinha chechi. Ndakawana bachelors of art yangu. Ndakaita *izvi*.” Zvakanaka, zvakarurama, hapana chatinopikisa; sezvakaitawo Dhavhidha, sezvakaitawo vaprisita vezuva iroro, sezvakaitawo vadzidzi veshoko. Asi zvaipesana neShoko.

¹⁵² Mwari vakataura maitiro Avaizvoziita nhasi, kuti Aizodzoreredza zvinhu zvose, izvo zvaVaizoitazve. Akavimbisa kudzoreredza. Ndizvo chaizvo. Muna Jowero 2:28, Akavimbisa kuti aizodzoreredza. “Ndichadzoreredza,” ndizvo zvarehwa naShe, “makore ose ayo akadyiwa negwatakwata.” Vakawana chi..Munoona, igonye rimwe chete; riri mune chimwe chinhanho chakasiyana chehupenyu. Zvino chiKatorike pachakatanga kudyu, tevere maLutheran, nemaMethodisti,

nemaPentekosta, nevose, zvichidzika; Akati, “Ndichadzoredza zvose kuChechi chaizvo sezvakange zvakaite iyo yepakutanga.”

¹⁵³ Ndakatarisa chiratidzo pane humwe husiku. Mwenga mumwe chetewo wakauya nedivi *iri*, wakauya nedivi *iri*. Mushure mokunge zvipfeve zvapfuura zvakapfeka nguwo dzazvo, hanzu dzazvo dzakare dzakakwirira *seizvi*, vachitamba rock-and-roll, vachizvidana kuti Chechi.

Munoti, “Zvakanaka, hatidaro.”

Ndiwo mawonero ayo Mwari vanokuitai. Hazvisi izvo zvamunozviona imi muri. Inzira iyo Mwari yaAnokuonai nayo. Hapana munhu anozviona ari mukudarika. Kana mukatarisa muchiringiro cheShoko raMwari, Chinokuudzai kuti matadza here kana kuti kwete. Dai Dhavhidha akadaro, angadai akaona kukanganisa kwake. Dai Ahabhu akaita saizvozvo, kana kuti dai vaporofita vakaita saizvozvo, vangadai vakazviona vari mukudarika.

¹⁵⁴ Muporofita akasimbiswa akati, “Ahabhu achafa, uye imbwa dzichanzva ropa rake.” Zvino chiporofita chake chakange chakanangana naizvozvo. Zvadaro akabva aziva kuti akange ari mugwara. Kana Jehoshafati aifanira kunge akazviona uye akazviza. Zvino Mikaya paakaona chiratidzo, akange asingafarirwe nevanhu vemumazuva iwayo, asi akange aine ZVANJI NAJEHOVHA. Akange ari mugwara.

¹⁵⁵ Cherechedzai, tave kuunza chinhu ichi zvino muzuva rino, tichiona nguva huru yatave kusvika mairi.

Cherechedzai zvakange zviri kuedza kuitwa naDhavhidha, zvakare. Ndanga ndiine kachinyorwa pano pamusoro pazvo. Akange ari kuedza kuunza areka kuguta raDhavhidha, sangano rake.

¹⁵⁶ Tarirai kumashure kare Mwari pavaakataura kutanga parwizi, “SaJowane muBhabhatidzi akatumwa kuzotungamirira kuuya kwekutanga . . .”

Hama, veAssemblies havana kuzvigamuchira, kana veUnited, vose zvavo. Vaifanira kuvawo nezvavowo pane imwe nzvimbo. Ah, vose vakatozvozviita, munoona, chaizvo izvo. Vose vakatozoiunza kumba kwavo.

¹⁵⁷ Aida kuiunza kuguta raDhavhidha. Sei? Pakange pasati pave nenzvimbo yayakange yagadzirirwa.

Ndicho chikonzero usingakwanise kuunza Mharidzo kusangano. Shoko, Areka, Kristu, “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” nekuzvizivisa kwaKe kwose, hamukwanise kuRiunza kusangano rako. HavazomboRitendi, nokuti hapana nzvimbo yaRo. Bhaibheri hariti here akange ari kunze kwechechi yemuZera reRaodhokiya, achiedza kupinda?

Pakange pasina nzvimbo muguta raDhavhidha, zvisinei kuti rakange rakatendeka zvakadini, uye kuti raive guru

zvacadini, ne—nezvimwe zvacadaro. Zvisinei yakange isiri iyo nzvimbo yacho. Yainge ichizenge iri muJerusarema. Ndiko kwayakazoenda shure, muporofita azovaudza zvokuita nayo. Munoono? Saka Dhavhidha akaiunza kuguta rake. Pakange pasati pave nenzvimbo yayakange yagadzirirwa.

¹⁵⁸ Kristu ndiye Areka yedu, zvino havaZvigamuchire. Kristu iShoko; havaZvigamuchire. Vanoda zvitendwa zvavo, sangano ravo, areka itsva, kana—kana chinotakura chitsva. Vanoda kuti sangano riItakure; areka itsva. Huh!

Rangarirai, Kristu Areka yedu! Munotenda here kuti Kristu iShoko? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndiyo yaive Areka, kareko. Ndizvozvo here? Zvakanaka. Kristu haakwanise kutakurwa, kunzvimbo yaKe chaiyo, nengoro ipi zvayo yemasangano. Anoshanda nemunhu mumwe, kwete neboka. Haana kumbobvira amboshanda neboka; nemunhu mumwe. Apo, Akati haAizozviiti. Kana Akazviita, Anenge apesana neShoko raKe, Amos 3:7. Haukwanise kuRiita kuti rinyepe. Kwete, changamire. Ichokwadi.

¹⁵⁹ Asi, munoono, vanoedza. Areka haikwanise kutakurwa nesangano. Rine misoro yakawandisa. Munoono? Hazvikwanisike. Akavimbisa kuti haAizozviiti, uye haAsi kuzozviita. Akati...paAkavimbisa—paAkavimbisa kuzviita neimwe nzira? Ndicho chikonzero akavimbisa kuti haAsi kuzozviita.

Musafunge pfungwa dzakadaro. Ndiri kuzvinzwa. Munoono?

¹⁶⁰ Saka A—Akavimbisa kuti Aizozviita neimwe nzira, zvino chose chinopesana nazvo haAizozviiti. Munoono? Asi nenzira yaKe yepakutanga, zvichienderana nezvaAkataura muna Amosi 3:7, ndiyo nzira yaAchazviita nayo. Zvino inofanira kusimbiswa yoratidzwa kuti iri mugwara.

Zvino, munoziva zvaAkavimbisa muzuva rino, ndizvo zvaAri kuita nhasi. Ndizvo chaizvo zvaAkataura kuti Aizozviita. Aizozarura zviSimbiso zviNomwe, nezvose zvaAizoita; ozarura zvakavanzika shure uko, kuti zverubhabhatidzo nezvinhu zvose zvakange zvavhiringidzwa. Zvino hezvinoi izvi, muHupo hwaKe chaihwo. Sainzi yakazvisimbisa. Matenga akazviziva. Munhu akamira, akanyatsozvitatarisa, achizviona zvichiitika. Hapana chinhu chimwe chaAkataura chaAsina kuita kuti chive mazvirokwazvo. Maonaka. Kungoitira kuti mugoona patiri nhasi.

¹⁶¹ Zvino munhu wose ane Mweya waKe, anozviziva; ane Mweya waMwari paari, anoziva kuti Ichi iChokwadi, nokuti Mweya waMwari hautaure zvinopesana neShoko. Kwete, kwete. Unonyatsoenderana neShoko.

Unoti, “Ndine Mweya Mutsvene. Ndakadanidzira; ndakataura nendimi. Ndakatamba muMweya.” Hapana chinhu chimwechete chazvinoreva kuna Mwari. Munoono?

Dhavidhha akaita zvimwechetezvo, chaizvo izvo zvinhu zvimwe chete, kareko. Vakaimba nesimba rake rose, akadanidzira nesimba rake rose. Vamwe vose vakazviitawo, zvino vakange vari kufamba vachipinda murufu. Ndizvozvo. Izvozvo hazvinei nechekuita nazvo.

¹⁶² Shoko ndiro rine basa, Shoko raMwari. “Vanomirira pana Jehovha.” Hongu, changamire. Munoono, avo vane Mweya waMwari mavari, vanotarisa pavimbiso yanhasi, vanotarisa vomirira kusvikira vaIona. Zvadaro vanoti, “NdiYo.” Mwari vanoIzarura kwavari.

¹⁶³ SaNatanieri. Firipi akaenda ndokuwana Natanieri. Natanieri akati, “Chimbomira zvishoma. Ndinoziva kuti zvakavimbiswa, asi rega ndiZvione.” Zvino paakaZviona, akati, “NdiZvo.”

Mudzimai akati, “Zvino, ndave kuziva, ndakambonzwa vadzidzi veshoko vakasiyana—siyana. Ndakaita *izvi neizvo*. Uye ndakaverenga Bhaibheri, pachangu, zvino ndinoziva kuti tiri . . . Pana Mesiya ari kuuya, achaita zvinhu izvi, saka Imi munofanira kunge muri muporofita waKe.”

Akati, “Ndini Iye.”

¹⁶⁴ Mudzimai akati, “Uyai, muone Murume, ndiYeye.” Akamirira kusvikira aona Mesiya aziviswa neShoko raMwari, zvino ndokuti, “Ndizvo zvatanga takamirira, kwemakore mazana mana. Hatina kumbobvira tava nemuporofita kana zvakadaro. Heunoi Uyu pano, uye Iye pachake ari kuti Iye Ndiye.” [Vende patepi—Mupepeti.] “. . . budai muone Murume Uyo wandiudza zvinhu zvakaita.”

Asi vaprisita vaida kuMuuraya, vakazviita pakupedzisira. Munoono?

Asi havakwanisi kuuraya Mweya wake nhasi. Ndizvozvo. Kwete, havakwanisi kuUuraya. Wakange uri pano kuti utipinzemo, nokudaro tinotenda zvikuru. Cherechedzai kuti Mwari mukuru zvakadini, kuti mabasa aKe makuru zvakadini, kuti hazvife zvakakundika!

¹⁶⁵ Zvino, Mwari vane nzira yavakapa uye yepamavambo yekuita nayo zvinhu, zvino haVazoiti zvinopesana nayo.

¹⁶⁶ Zvino Akavimbisa mumazuva okupedzisira kuti ndizvo zvaAchazoita. Zvino Akavatumira, isu Mharidzo; uye Mharidzo iyi ichange ine kuzvizivisa kumwe sekwaiva naEriya, sekwaiva naErisha, sekwaiva naJohane Mubhabhatidzi. Uye Ichashandura mwoyo yevanhu, kwete kusangano, asi kudzokera kumadzibaba echiapostora, epakutanga, kudzokera kuShoko. Zvinhu izvi zvakasimbiswa. Kuti pakuridza kwemutumwa

wekupedzisira, Zvakazarurwa 10, “Nemazuva emutumwa wechinomwe, zvakavanzika izvi zvanga zvaka . . .”

“Sei maMethodisti akaita *izvi*, nemaBhapatisti, neChurch of Christ, neveZvapupu zvaJehovha, vose sei vakaita *izvo*?”

“Zvakavanzika zvinozozarurwa muzuva rokupedzisira, apo ngirozi nomwe. . . Mharidzo yemutumwa wechinomwe, apo anenge. . .” Kwete paanotanga kuita izvi, asi, “Kana otanga kuridza Mharidzo yake.” Monoona? Kwete mumakore okugadzirira, asi, “Paanotanga kuridza Mharidzo, zvakavanzika izvi ipapo zvinozarurwa.” Zvino hezvinoi pano; ndisingazvizivi, uye imi vanhu munozvipupurira.

¹⁶⁷ Zvino mumba iyo huru yekutarisa zviri muchadenga, kuitira kuti nyika isazoshaiwe, vachiri kungonetseka kuti chii chakaitika. MuTucson, dzimba huru dzekutarisa zviri muchadenga dzakatora mufananidzo wacho chiri mudenga; vachirikungonetseka kuti chii chakaitika. Chii? Vachiri kuisa mupepa, “Pane here anoziva pamusoro pazvo, kuti zvakaitika sei?” Hakuna mhute kudengako, hakuna mweya wemhepo, hakuna mhute; mamaera makumi matatu mumatenga. O, zvangu ini!

“Pachava nezviratidzo kumusoro kumatenga. Zvino kana zvinhu izvi zvichinge zvaitika, kudengenyeka kwenyika munzvimbo zhinji, zvino ndipo pachaonekwa chiratidzo muchadenga, cheMwanakomana wemunhu.” “Nezuva iroro,” muna Ruka, “Mwanakomana wemunhu achaZvizarura zvakare; Iye pachake, achizarurwa.” Zvino nyika ichange ichitaridzika seSodoma neGomora. O, zvangu ini!

Hama, musashaiwa ruzivo rwezvinhu zvemweya, munoona. “Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti Zienda nakuenda, mune Hupenyu Husingaperi; zvino Iwo Ndiwo anopupurira Shoko.” Iwo Ndiwo anopupurira Zvokwadi, zvinhu zviri kuitwa naMwari munguva ino.

¹⁶⁸ Zvino chii? Avo vane Mweya waMwari, vanomirira zvinhu izvi. Zvino pavanoona zvinhu izvi, vanozvitenda. Jesu akati, “Hapana munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vangu vamukweva. Uye vose vaNdakapiwa naBaba,” Ndiye Shoko, “vachauya kwaNdiri. Vachauya kwandiri.”

¹⁶⁹ Ndanga ndakakwasharara mangwani ano, munoona. Vanomirira panaShe, kumirira; zvino pavanodaro, voona vimbiso yanhasi, ichisimbiswa, zvinovandudza kutenda kwavo muShoko raKe. Nokuti, Akavimbisa kuzviita, uye heunoi pano Ari kuzviita. Zvino hapachisina kupokana. Mwari vanotaura. Shoko raVo, rinotaura, kutanga. Zvino Mweya unoRiunza unoita zvinhu izvo zvinotaurwa neShoko kuti richazoita.

O, tine kutevedzera kwakawanda. Ticharamba tiinakwo kwakawanda, varume vane moyo yakaperera vachiedza kuita

zvinhu nenzira *iyi* nenzira *iyoyi*, asi chitarirai zvakaiteka. Vanhu vanoisa mawoko avo, zvino vobva—vobva vafa. Munoono, cherechedzai.

¹⁷⁰ Hapana hurongwa hwemunhu hwemasangano hunoshanda, vachizvigadzirira nhengo dzemaareka avakazvigadzirira emasangano. Mwari havana kumbova nesangano. Havasi kuzova nesangano. Chinhu chakagadzirwa nevanhu.

¹⁷¹ Zvino ndinoshamiswa, nhasi, kuti nekokeredzo yatinoita nemakrusedhi makuru pamwe nerumutsiriro, tanga tisiri here kungozadza areka yeMethodisti, areka yeBaptisti, areka yePresbyteriani! Asi ko Areka yaKristu, Shoko?

Zvino kana Mwenga achifanira kuva Shoko, zvinoreva kuti anofanirwa kuve ari waKristu, chikamu cheChikomba. Anofanira kuve Shoko; kwete Shoko rezuva raKe; Shoko rezuva rino, iro Akavimbisa kuti richavapo muzuva rino, kuti Akatumira Shoko raKe kuti riumbe Mwenga waKe nekumugadzira. Ndine tariro yekuti tiri kuzviona! Usatore dzimwe pfungwa dzako zvino, uye usatore pfungwa dzemumwe munhu. Tora Shoko rakasimbiswa pano, Bhaiberi. Rinotaura.

Mwari vakavimbisa muShoko raVo masarudziro aVaizoita Mwenga waVo muzuva rino rokupedzisira. Manga muchizviziva here? Vakazvivimbisa, kuti Vaizozviita sei, uye nezano raVo repakutanga repakusarudza Kristu, rokusarudza nguva, rokusarudza mwaka, kuti vai... Havakwanisi kuzvipotsa, paMwenga waVo, nokuti Iye chikamu cheShoko iroro.

Haakwanise kuMusarudza nesangano, apo Asina kusarudza Kristu nesangano. Ko Kristu akauya here kusangano? Ko Akauya here nemusangano? Kwete. VakaMuramba. Saka, ndizvo zvakaiteka nemasangano kareko. Zvino kana ave kusarudza Mwenga, Angauye here neimwe nzira?

Vakaunza sei Kristu pano? NeShoko revaporofita. Ndizvo here? Ko achaunza Mwenga waKe sei pano? NeShoko revaporofita.

VakaMuzivisa sei paAkauya? Nemurume aiva nemweya waEriya paari, akabva murenje. Achazivisa sei Mwenga wake? Akavimbisa muna Maraki 4 zvinhu zvimwe chete, Asati aparadza nyika, sezvazvaive mumazuva eSodhoma.

¹⁷² Rangarirai, Sodhoma yakatsva. Ndizvo here? Saka, nyika ino ichatsvawo. Jesu akataura kudaro. Zvino ichange iri nguva, iyo, seiri muna Ruka chitsauko 17 ndima 30 inoti, “Mumazuva achange akaita seSodhoma neGomora, zvino Mwanakomana wemunhu anozarurwa.”

Zvino chii chinozoiteka? Sezviri muna Maraki, Achapisa nyika zvakaiteka, zvino vakarurama (muMireniyamu) vachafamba pamusoro pemadota evasina kururama. Ndizvozvo here? Munoono?

Saka tave panguva yekuguma. Tigere pano pamukova zvino, takamirira kuti Auye.

¹⁷³ Cherechedzai, Mwari vakavimbisa muShoko raVo kuti vaizosarudza Mwenga waVo nenzira yaVo yepakutanga. Akazvisarudzira. Iye Chikomba! Akafanozvitaura nevaporofita, akatuma muporofita kuti agomuzivisa.

Muporofita akati, amire pamahombekombe eJorodhani, “Tarirai!”

Vakati, “Ndiwe Mesiya, handiwe here?”

Akati, “Kwete, handisi Mesiya.”

“Unofanira kunge uri Mesiya.”

¹⁷⁴ “Asika handini Iye. Asi amire pakati penyu. Uye shangu dzaKe, handikodzeri kudzisunungura. Kana Achinge auya, Anozovizivisa . . .”

Zvino nhasi Amire pakati pedu, ari mumunhu weMweya Mutsvene, Achiramba achingozviratidza, achiuya muChechi yaKe, Achizvivisa; nokuti, Iye, uye Mwenga neChikomba vachange vari chinhu chimwe, Achizvivisa. Zvino rimwe ramazuva muchaona kuti Uyo wamainzwa mumwoyo yenyu, muchiona kuziviswa kwaKe, Achaonekwa mumutumbi mberi kwenyu, zvino iwe naYe munova chinhu Chimwe.

Mabatanidzwa neShoko. Zvino Shoko, rakange riripo pakutanga, richadzokera pakutanga, anova Mwari. “Zvino nezuva iroro muchaziva kuti Ini Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; Ini ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.” Hareruya! Tave pano. Hareruya! Ndinofara zvikuru kuMuona Achizviratidza ari mumunhu ipo pakati pedu, uye tichiona zvaAkavimbisa muShoko; kwete manyawi emumwe munhu, kuimba, nekuchirika, nekutamba. Asi neShoko raKe, ameni, Ari kuZvivivisa.

¹⁷⁵ Tarirai, pavakaunza, pavakavaka temberi vakaunza areka mairi, Mwari vakapindamo vari Mushongwe yeMoto. Ameni. Akange ari Dhavhidha aichirika nokudanidzira, vakange vari vaimbi vose nevaprisa vaiita zvose zvavaiita, asi vakange vari kunze kwekuda kwaMwari. Asi Mwari pavakaona areka yave munzvimbo panzvimbo yaYo, vasati vaisa areka imomo, heyo Shongwe yeMoto yakauya ichitungamirira nzira; ichienda nepamusoro pemapapiro emaKerubhi, ndokupinda seri munzvimbo Tsvene—tsvene, nzvimbo yaYo yekuzororera; Shongwe yeMoto! Zvino Kubwinya kwaMwari kwaivemo, kusvikira va . . . vakatotadza kushumira vasisaone. Ameni.

Ichavhara meso emudzidzi wese weshoko, paAchauya kuMwenga waKe. Tingangoti, kwavari, Achasvikotorwa pa—pakati peusiku, sezvavaive kwavari. HavatomboMuona achienda. O, Mwari ngaarumbidzwe!

176 Cherechedzai, Mwari vakavimbisa kuti Vachazoburitsa Mwenga waVo, ndizvo zvaVachazoita. Pachave neMbeu. Pachave neChiedza panguva dzamadekwana, kuti achaita zvinhu zvose izvi, nemazvo, nenzira iyo yepakutanga yaAkazviringa muTestamende yeKare neTestamende Itsva.

Uye hazviitwe kubudikidza nesangano. Hazviitwe kubudikidza nehurongwa hwatiri kushandisa nhasi. Tiri kungokonzera kuti pave nerufu. Kutendera vanhu kuti vaise mawoko avo paRiri, vobva vauraiwa nazvo. Munoono?

177 Shoko, Shoko remanheru, rinofanira kutakura zvbereko zve manheru. Shoko remanheru rinofanira kudyara Mbeu yemanheru, kwete mbeu yemangwanani. Mbeu yemanheru! Ndizvo here? Chiitiko chepakati pezuva, mbeu dzacho kareko, dzaive sangano; dzakafa, dzakaparara. Asi Mharidzo yenguva yemanheru icharatidza Chiedza chenguva yemanheru, icharatidza zvbereko zvenguva yemanheru; Mharidzo yenguva yemanheru!

Munguva yaJesu, mharidzo yepakati pezuva, yakaratidza zvbereko zvepakati pezuva. Mharidzo yepakutanga yakaratidza zvbereko zvepakutanga, yakagadzira zvisikwa. Akasika Mwanakomana waKe ari mumufananidzo waKe, munguva yepakati pezuva. Munguva yemanheru AnoMugadzirira Mwenga. Munoono? Nei? Shoko raKe.

Akagadzira sei nyika? Akaitaura sei kuti igovapo? NeShoko raKe!

Ndiyani aive Mwanakomana waKe? Shoko! “Pakutanga kwakange kuine Shoko, Shoko rakange riri kuna Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

Achatora sei Mwenga waKe? NeShoko; kwete nengoro itsva, kwete nepfungwa yemumwe mudzidzi weshoko. Asi sezvinoenderana neShoko raKe AchaMuzivisa. Musaise chimwe chinhu paRiri kana kubvisa chimwe chinhu paRiri zvino. Risiyei sezvaRiri. Munoono?

178 Nguva yemanheru, Akavimbisa kuti Aizozarura, saizvozvo, kuzarura zviSimbiso Zvinomwe izvi pamwe nokuratidza zvakange zvapotswa nemachechi kareko. Zvakazarurwa 10, naMaraki 4, Ruka 17:30, Akati Aizozviita. Zvino ngatisazvivengetei. Ngatizvichengetei zvakadaro.

179 Ndiregei, mukuvhara... Dzave kuda, kwasara maminitisi gumi nemashanu kusvika paawa yegumi nembiri. Regai ndivhare, ndichitaura izvi.

Shamwari, tererai, nemuZita raIshe Jesu! Zvinhu izvi zviripachena zvokuti hamungatadze kuzvitenda. Zviripachena zvokuti hamungatadze kuzviona. Zvirokwazvo munokwanisa kuZviona! Zvirokwazvo nyika inogona kuZviona! Asi chete zvenyu...

Musarunzirwe nezvinhu zvitsva zvasamasaramusi nezvinhu zvavainazvo nhasi; handina basa kuti munhu wakanaka zvakadini, kana kuti vakaperera zvakadini. “Kana vakasataura sezviri maererano nemurairo nevaporofita,” Bhaibheri rakati, “mavari Hamuna Hupenyu.” Munoono?

¹⁸⁰ Dhavhidha akafunga kuti akange ari mugwara. Akange akaperera. Vaprisita vakafunga kuti vakange vari mugwara. Vakange vakaperera. Asi vakakundika kubvunza Ishe pamusoro pazvo. Zvino vaine vakazviita sei? Zvimwe kuda vakati, “takanamata zvinonzwika nedenga.” Asi yakange isiri iyo nzira yaMwari yekuzviita. Akavimbisa kuti hapana chaAizoita kunze kwekunge kutanga Achizarura kuvaranda vaKe vaporofita. Zvino heunoyi Natanieri akamira pakati pavo, havana kana kumbomubvunza.

¹⁸¹ Zvino verengai zvitsauko zvisihoma zvemumaKoronike, imomo muchazviona. Apo Dhavhidha akange agere mumba, akati, “Zvakanakawo here,” zvino Natanieri akange agere naye, “Kuti ndingava, ndigare mumisidhare, uye—uye areka yaMwari iri pasi pematende kunze uko?” Zvino Natanieri akanzwa, kubva kuna Mwari, zvokumutaurira kuti aite.

¹⁸² Zvino akange akanganisa, nokudaro Mwari vakati, “Taurira muranda wangu Dhavhidha kuti ndinomuda. Ndakamupa zita rakaita sere vanhu vakuru munyika, asi handikwanise kumutendera kuti azviite.” munoono, “AkaNditadzira. Munoono, handimutendere kuti azviite. Ndichaunza munwe munhu, mwanakomana wake, achasimudza imba yaMwari yekusingaperi.” Zvino uyo akange ari Dhavhidha, saizvozvo. Uyo, Soromoni akaifananidza, asi akazokundika. Munhu wose anofanira kukundika. Munhu wose anofanira kukundika.

Mwari ndiye Oga asingakundiki. Haakundike. Ndicho chinhu choga Mwari asingagoni kuita, kukundika. Zvino Mwari iShoko. Zvino Shoko, zvisinei kuti zvinotaridzika sokunge zvichaitika nepamwe, zvinongoitika chete nenzira chaiyo yakataurwa neShoko.

¹⁸³ Zvino rangarirai, munofanira kutevera mwaka, nenguva. Munoono? Uye kuti uri mumwaka upi, nenguva yacho, wozviita kuti zvisimbiswe, kuti muone kuti iChokwadi chaicho.

¹⁸⁴ Zvino chitorai zvinosungirwa kuvepo izvi, Shoko rose, mifananidzo yose, nezvinhu, ugoona paugere. Funga pamusoro penguva yatiri kurarama mairi.

Tarirai mberi, zvokuti kuda chegumi chimwe chenyika chave kuda kudhirikira. Ndiko kutaura kwesainzi. Vakatarisa pawachi. Makore mashoma apfuura, vakati, “Kwangosara maminiti matatu chete kusvika pakati peusiku.” Zvichida yave miniti imwe, zvichida zvino kwasara chidimbu chepakati cheminiti.

Vakati, “Hazviitike muchizvarwa chedu.”

¹⁸⁵ “Zvinokwanisa kuitika mumanitsi mashanu.” Zvino cherechedzai chinhu chinotevera chaakataura, “makore mashanu.” Handisi ini ndakazvita. Ndizvo zvakataurwa, nevezvesainzi. Vari kutiza kubva kuCalifornia senhunzi. Munoono? Saka, zuva iro Roti akabuda muSodhoma, ndiro zuva rimwe rakanaya moto panyika.

Rimwe remazuva Mwari vachatora Mharidzo yedu, zvino tichabva pano. Pane chinhu chichaitika, zvemazvirokwazvo, ipapo, kana Chechi ichinge yaenda, Mutumbi waKe, Mwenga waKe.

¹⁸⁶ Zvino ndinoda kukuverengerai Gwaro, uye ndiri kuda kuti muRiverenge pamwe neni. Ndiri kuda kuti muvhure kuna Deutoronomio 4, mukuvhara. Ndinofunga kuti zvichida zvataurwa zvakanwa, izvozvo muchazvinzwisisa. Deutoronomio 4. Ndichaverenga nzvimbo mbiri imomo.

Zvino kuchechi ino, nekumatepi, nevanhu vari pamatepi, nevanhu vari pamafoni munzvimbo dziri munyika muno, ndiri kuda kuti munyatsoteererera, uye musakundi. Ichi ndicho chinhu chandaka . . .

Deutoronomio, chitsauko 4. Ndichatora ndima yekutanga. Ndiri kuda kuverenga ndima yekutanga, tevere ndozoverenga ndima ya 25 nendima ya 26. Munogona kuzoverenga yose kana masvika kumba; asi zvekuti, tichengedze nguva, kuti tigobuda pachine nguva, nokuti ndinofanira kudzokazve manheru ano, Ishe vachitendera. Tererai muporofita uyu achitaura. Akamhenge ari muHupo hwaMwari. Aiziva zvaaitaura. Tererai.

Zvino chitererai, O Israeri, kune zvakatema pamwe nemitongo, *zvandinokudzidzisa, kuti muzviite, kuti murarame, mupinde mutore nyika yamunopiwa naJehovha Mwari wemadzibaba enyu.* (Mufananidzo weMireniyamu yedu.)

Musawedzere pashoko randinokurairai, kana kutapudza kubva pariri, (“Musapamhidzire chinhu chimwe chete kwaRiri, uye musakamure chinhu chimwe kubva paRiri. Garai, ingotaurai zvaRinotaura!”) *kuti muchengete mirairo yaJehovha Mwari wenyu yandinokurairai.*

Meso enyu akaona zvakaikwa naJehovha . . . kuBaari-peori: nokuti varume vose vakatevera Baari-peori, Jehovha Mwari wenyu wakavaparadza pakati penyu. (“Zvino muri vanhu vakatsaurwa, kubva kumasangano.” Munoono? Munoono?)

Asi imi makanamatira Jehovha Mwari wenyu, imi mose muri vapenyu kusvikira nhasi. (“Hauna kufa

pamwe nesangano rako. Uri mupenyu iye zvino, uri muHupo hwaMwari.”)

Tichivhara, musazvipotse. Ndima ya 25, zvino, apo vakange vave kupinda munyika, zvino tarirai zvakaitika.

Zvino iwe kana wabereka vana, nevana vevana venyu, zvino iwe. . .muchinge magara nguwa huru munyika, mukazvishatisa (ndizvo zvakaitika), uye mukaita. . .zvifananidzo zvakavezwa (chimwewo chinhu), kana nomufananidzo wechinhu chipi nechipi, mukaita zvakaipa pamberi paJehovha Mwari wenyu, kuti mumutsamwise: (Tererai!)

Ini ndinodana matenga napasi zvikupupurirei nhasi, munoona, kuti muchakurumidza kuparadzwa chose panyika, kana kuti panzvimbo, uko muchayambukira Jorodani kuti muende kwairi kuiita yenyu; hamusi kuzogaramo nguva ndefu, asi muchaparadzwa chose.

¹⁸⁷ Uyu akange ari Mosesi achitaura kuIsraeri, mushure mokunge asimbiswa naMwari, neShongwe yeMoto, uye achiziva kuti akange asimbiswa kuva muranda waMwari aizovatungamirira pakubuda. Zvino vasati vapinda munyika, vasati vapinda, Mosesi akati, “Zvino, mashoko andataura kwamuri, ndinodana denga nenyika kuti zvikupupurei. Kana mukawedzera chinhu chimwe kwaAri, kana kutapudza Shoko rimwe kubva paAri, hamuzogari munyika iyo yamakapiwa naJehovha Mwari.”

Neniwo ndinotaura, nemuZita raJesu Kristu! Musawedzera chinhu chimwe chete. Musatore, musaise pfungwa dzenyu paZviri. Imi ingotaurai chete izvo zvakataurwa pamatepi. Chingoitai chaizvo izvo Jehovha Mwari vakakurairai kuti muite. Musapamhidzire paZviri.

¹⁸⁸ Agara nguva dzose, Achichengeta vimbiso dzaKe kwatiri. Vimbiso yose yaAkapa, Akaichengeta. HaAna kukuudzai here zvaizotika, zvino zvakaitika here? Ndinounza matenga nenyika pamberi penyu nhasi, mukupikisa. Mwari vati vambotaura here chinhu chaVasina kuzadzikisa uye vakaita nemazvo izvo zvaVakataura kuti Vaizotiitira? HaVana here kuZviita nenzira iyo yaVakati vaizoita nayo? Ndizvo chaizvo. Nokudaro vacharamba vachizviita. Chingoregai kupamhidzira paZviri. Musakamure kubva paZviri. IngoZvitendai mofamba makazvinipisa pamberi paJehovha Mwari wenyu, nokuti tave pedyo nokupinda muNyika.

Zvadaro, hamuzodzoki, hamuzodzoki kuhupenyu hwakadai zvakare. Munodzoka mave vanhu vasingafi. Munodzoka, chivi chaparadzwa, apo Satani anenge asungwa, kwechiuru chemakore muchagara pano panyika iyo Jehovha Mwari venyu vakakupai. “Nokuti vanyoro vachagara nhaka yenyika.” “Akaropafadzwa uyo anoita mirairo yaKe yose, kuti agowana

kodzero yekupinda muGuta.” “Nokuti kunze ndiko kune vauki, vanyepi, mhombwe, nembwa. Havasi kuzopindamo.” Asi ndezve avo Vadzikinurwa, neavo vanofamba mumirairo yaKe.

¹⁸⁹ Musatore chimwe chinhu chitsva. Zviri kubhururuka kwese kwese, uye pane zvakawanda kudarika izvi zvichauya. Asi musatore zvinhu zvitsva izvi.

Jehovha Mwari wenyu akakuudzai chinonzi Chokwadi. Jehovha Mwari wenyu akasimbisa chinonzi Chokwadi, neShoko raKe neMweya waKe. “Hazviitwe nesimba, hazviitwe nehondo, asi neMweya waNgu.” Zvino, Mweya, “Mwari vanotsvaka avo vanoMunamata muMweya nemuZvokwadi.” “Shoko reNyu iZvokwadi.” Zvino Anyatsosimbisa kuti Jesu Kristu ndiye mumwe zero, nhasi, nokusingaperi. Akuratidzai mbeu dzemanheru. Azvizarura kwamuri, muShoko. AkaZviratidza kwamuri, neMweya waKe.

¹⁹⁰ Musatombotanga kana kuedza sangano. Musaedza kuvakira pamusoro pechimwe chinhu.

Asi garai makazvininipisa pamberi paJehovha Mwari weNyu, nokuti zvinotaridzika sokunge masuwo emuNyika yechipikirwa angangozaruka nokukasika. Zvino ngatipindei nokuimba kwechokwadi pamwe nemufaro, kana Mwenga neChikomba vatora nzvimbo yavo paChigaro.

¹⁹¹ Rararamai makazvininipisa. Raramai muine rudo. Dananai. Musawane chimwe chinhu chinopinda pakati penyu. Ukaona chimwe chinhu chave kusumuka mumwoyo mako chichipesana nemumwe munhu, ibva wachiburitsamo pakarepo. Musatendere. . .

Zvino Satani achaedza nepese paanogona kupinda pakati penyu. Munoono? Musarega zvakadaro zvichiitika. Mumwe munhu ane rurimi rwakakwenenzverwa anogona kuuya oedza kukubvisai paRiri. Munofunga kuti vaigona here kutaura naMosesi kuti abude muHupo hwaMwari, umo akange amira akaZviona? Kwete, changamire. Kwete. Hatitapudze kubva paRiri kana kututsira paRiri. Richengetedzei sokutaurwa kwarakaitwa naShe. Hatidi sangano. Hatidi bato. Hatidi nduru. Hatidi gakava. Tinoda Mwari, uye Iye ndiye Shoko.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁹² O Mwari, ndinotarisa zvakatipoteredza neziso remweya, ndinoedza kuona zviri kuitika. Ndinoona Shoko reNyu, nzira yaRakasimbiswa nayo, nzira yaRakaraidzwa nayo; nzira yose kubvira pamakore makumi matatu nematatu apfuura, uko kurwizi, izvo zvaMakataura. Hezvinoini, kwapera makore makumi matatu, Muri kuita izvo zvaMakataura. Uye Makaita izvo zvaMakataura. Ishe, ngazvive kure nesu kuti tiedze kuZviita zvidukusa kana kuedza kuZviita zvinhu

zvukurusa; tongoZvichengeta nenzira yaMakaZviita, tofamba mukuzvininipisa tichikuteverai.

¹⁹³ Ava ndivo, Ishe, Vamapa kushumiro, kunze kweavo vavete munyika yose, nepasi pose. Nzvimbo dzemarinda kuno dzakachengeta avo vatsvene vakawanda vakamirira, vakaropafadzwa. Asi zvakaitika sezvakanyorwa, “Isu vapenyu takasara hatizodzivisi avo vavete. Hwamanda icharira, vakafa vachamuka kutanga; zvino tichabvutwa pamwe chete navo.” Kana kubwinya kwaMwari kuchange kwave panyika, kuchavanza Chechi kubva kunyika. HaitomboIoni paInoenda.

¹⁹⁴ Mwari Baba, chengatai ava mumawoko eNyu. Ndevenyu. Ndinonamata, Mwari, kuti ticharamba nguva dzose tichifamba takazvininipisa pamberi peNyu. Hatizivi kuti kwenguva yakadini. Hatishuvire kuziva nguva yazvichatora; harisi basa redu. Ibasa reNyu. Hakuzi kuda kwedu kuti tizive kuti Muchauya zvarinhi. Kuda kwedu, Ishe, kuramba takazvininipisa kusvika Muchiuya, nekufamba neMi. Chishuvo chedu kuti iMi Mungozvizivisa, pakati pedu, apa neapa, Baba, kuti tiione kuti tichiri kufamba neMi.

¹⁹⁵ Tiregerereiwo zvivi zvedu zvakare. Titungamirireiwo nokutichengetedza kubva kumuteyo wadhiyabhorosi, pane ramangwana. Endai mberi kwedu mutitungamirire, O Mwari Baba vedu. Regererai zvivi zvedu mutibatsire kuti tive vana veNyu. Tiri vanhu veboka ravarombo. Tiri vana murambiwa, kumapoka enyika ino, nemasangano emachechi.

Tinoona magumo. Uye tinoKutendai nemaonero emweya muShoko reNyu, kuona nguva yekuguma, nokuti zvinhu zvose izvi zvinofanira kusvika pakutakwa kukuru kuchabva kubva kuDenga. Tibatsireiwo, Ishe, kuti tisange tiri pano nezuva iroro, asi kuti tinge taenda muHupo hweNyu, tabhururukira muchipfuva cheNyu.

¹⁹⁶ Podzai vanorwara nevanotambudzwa, Ishe. Tinonamata kuti manheru ano Muchatipa shumiro huru, ngapasawanikwe munhu ane hutera pakati pedu, nokuda kweHupo hweNyu, Ishe. Dai mwoyo yedu nguva dzose yatarisa kuneMi. Uye tinoziva, Ishe, kuti mari, dzimba, zvinhu zvenyika hazvina zvaizvireva, ndezve nguva shomanana. Zvose zvinofanira kupfuura. Mabasa edu, nzvimbo dzedu, shamwari dzedu, zvinhu zvose zvinofanira kupfuura. Zvisinei kuti takapfuma zvakadini, tiri varombo zvakadini, kana kuti tine mukurumbira kana kusafarirwa zvakadini, zvose zvinofanira kupfuura. Asi pane chinhu chimwe chete chatakanangana nacho sezvo tiri pano, anova Jesu Kristu. Saka, Mwari, itai kuti tiise zvinhu zvose parutivi sezvisina kukosha, uye tibatirire kwaAri. Zvino Iye iShoko. Zviitei, Ishe.

¹⁹⁷ Shoko rakasimbiswa renguva! Shoko rakasimbiswa mumazuva aMosesi raiva Jesu. Shoko rakasimbiswa muzuva raIsaya, Eriya, Johane, vose, raiva Jesu. Zvino Shoko

rakasimbiswa ranhasi ndiJesusu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Tibatsirei, Ishe, kuzvitenda, kuzviona, uye tigofamba mazviri. Ta—takumbira nemuZita raJesusu.

¹⁹⁸ Takakotamisa misoro yedu, handizive here kana paine vamwe muno vasati vanyatsoita iyo huru, yakazvikwanira... Munozvitenda, asi kungozvitenda kwegahazvina kukwana.

Ndinotenda kuti mudzimai wangu akange ari musikana akanaka. Ndaiziva baba, naamai vake. Ndakamuziva kwemakore nemakore. Akararama hupenyu hwakatwasuka. Ndaitenda kuti akange ari mudzimai akanaka, asi izvozvo hazvina kumuita kuti ave wangu. Haana kuve wangu kusvikira, iye, ini ndamugamuchira, iye andigamuchira.

Zvino Jesu anoda kukugamuchira. Haungamugamuchirewo here wobva wava chikamu cheShoko raKe? Kana usati wazviita, makakotamisa misoro yenyu pamwe nemoyo yenyu yakakotamiswa, ndinovimba kuti...

¹⁹⁹ Hapana nzvimbo tikadanira vanhu kuaritari. Handi zvinhu zvandinonyanyofarirawo, zvakare. Ndinotenda kuti Mwari vanokushanyira ipapo pauri. Mungasimudze here mawoko enyu, muchiti, “Hama Branham, ndirangarireiwo mumunamato. Ndiri kuda kuita saizvozvo.” Mwari vakuropafadzei. “Ndi...” Mwari vakuropafadzei. Maiwe, mawoko kwese kwese! “Ndinoda kuva saizvozvo.” Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hama; imi mose, kwese. “Ndinoda kuva saizvozvo.” Mwari vakuropafadze... “Zvirokwazvo ndinoda kuva saizvozvo. Ndi—ndiri kuzviona.”

Saka, zvino, chiona, shamwari, panogona kunge paine kamwe kanhu kadiki...Kana usiri saizvozvo, zvino pane chimwe chinhu chawakanangana nacho chisiri icho. Uri pedyo nacho, wakatochitarisa. Uri kuchiona. Wachiona kwemakore, chichifamba. Wachiona chichisvika pakukwaniswa zvino. Kana zvichireva zvose kwatiri, zvino hapana chimwe chinhu chichararama kunze kweiChi, wadini wangocheuka kubva kune chinhu icho chawakatarisa wonangana naYe? Nokuti, musimboti wehupenyu hwose, muna zienda nakuenda, ndiYe. Wadini wazviita, patiri kunamata pamwe chete?

²⁰⁰ Mwari vanodikanwa, apo mawoko evarume, madzimai, vakomana, vasikana, kana vashumiri, vakasimudza mawoko avo. Va—vange vachida kutaura ku—kuti vari kuda kuti vamire pana Ishe Jesu, asi zviri kuratidzika sokunge vari kuzvitadza. Pane chiri kuvadhonzera *uku*, *neuku*. Rinogona kunge riri sangano, anogona kunge ari munhu, chinogona kunge chiri chivi, chinogona kunge chiri chimwe chinhu chavakavanza mumwoyo mavo. Handizive, Ishe. Ndimi munoziva. Chingave chiri chii, dai iye zvino, Ishe, pamunenge Muri kudana vamwe...Matovadana kare. Vave veNyu.

Zvino pamunenge Muchivadana, dai vakachichisiya, icho chivi chinovakanganisa, sokutaura kweBhaibheri. “Tibve pachivi icho chinokurumidza kutikanganisa, kuti tigomhanya nokutsungirira pa nhangemutange iri mberi kwedu, takatarisa . . .” Kupi, kubasa redu here, kusanganano redu here, kuvawadzani vedu here, kukanzuru here? “Kuna Kristu Muvambi neMupedzisi wekutenda uko kwatiinako maAri.” Zviitei, kwatiri nhasi, Baba, nokuti takumbira nemuZita raKe uye nokubwinya kwaKe.

²⁰¹ Zvino vave Venyu, Ishe. Chiitai navo zvaMunoona zvakarungana. Chiitai nesu zvaMunoona zvakarungana. Tiri veNyu. Nemuzita raJesu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Akatanga kuda ini
Akatenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁰² Makanganwa here kudya kwamanheru? Makanganwa here kana vana vari pakanaka, mumotokari, kana kuti kwete? Makanganwa here zvose zvekare, mukacherechedza kuti chii icho chamuri kunzwa iye zvino? Chave kuchioneka pamberi penyu, zuva nezuva. Munoona? Rega chive musimboti wezvose. Rega zvimwe zvinhu zvose zvipfuure; zvichaparara, zvakadaro.

O, rambai muChimutevera! Munoona? SaEriha akatevera Eriya, ngatiMuteverei. Nokuti tinofanira kubvutwawo, zvakare, rimwe ramazuva. Takaona ngoro yeMoto yakaMusimudza kubva muguva. Tiri kuinzwa pakati pedu iye zvino. Rimwe zuva Ahasunungura mabhiza kubva pamakwenzi. Tichakwira mudenga. HamuMudi here?

Akatenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

O, hamukwanisi here pamunovhara meso enyu kumuMuona akareberapo?

NdinoMuda, (ndiyani hake mumwe
wandingada?) ndinoMuda
Nokuti Akatanga kuda ini
Akatenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁰³ Nguva dzose pandinodzokera kumba, pane mumwe anenge atisiya. Ndinenge ndaenda kwemwedzi mishoma, ndichidzoka, pane mumwe anenge atisiya. Ndinosuwa pose pandinodzoka.

Rimwe remazuva, mumwe mukomana wandakaenda naye kuchikoro, aiuya achidzika nemugwagwa, akati, “Kaziwa, Billy.”

²⁰⁴ Ndakamutarisa, aimbova mukomana mudiki ane chiso chakarurama, aine bvudzi dema raipenya rakakamirwa kumashure; zvino rachenana semazaya echando. Aimbenge akati

twasu; dumbu rachibuda kunze saizvi. Ndikati, “Kaziwa, Jim.” Ndakamutarisa.

Ndakanzwa mumwoyo mangu, ndikafunga, “Mwari, mukomana uyo neni, murume uyo neni, tiri vezera rimwe.”

Zvino, ndave kuziva kuti mazuva angu ave mashoma. Ndinoziva kuti hapachisina nguva yakareba. Ndikatarisa zvakandipoteredza, ndinozofunga, “Ndoita sei, Ishe? Ndebatsireiwo. Handidi kuenda mberi kweNyu. Ndinoda kugara iko—iko shure kweNyu. Imi chitungamirirai nzira.” Ndakatarisa, ndikafunga, “Makore makumi mashanu nematanhatu okuberekwa, o, zvangu ini, hapachisina nguva yakawanda!”

²⁰⁵ Zvino ndikatarisa zasi, ndiri kuona shamwari yangu yakanaka Bill Dauch agere apo, ane makore okuberekwa makumi manomwe nemaviri kana kuti makumi manomwe nematatu. Ndikatarisa kwese kwese, ndinoona vana ava, vanofunga, “Saka, ndichamirira kudzamara ndasvika pazera reHama Branham, ndinofunga kudaro.” Mudikani, unogona kutadza kuzviona. Ndinopokana zvikuru kuti uchazozviona. Munoono? Asi, pafunge, kana Hama Bill Dauch vakararama zuva ranhasi, vachararama kudarika mazana evanhu vane makore gumi nemashanu, gumi nematanhatu. Vari kufa awa yoga yoga.

Saka zvine mutsauko wei kuti uri wezera ripi! Uri kuitei nenguva iyo yauri kurarama mairi? Chii chauri kuitira Jesu panguva ino? Munoono? O, ndinoda kuMuona. Ndinoda kuona nguva iyo pandichatarisa ndichiona mitumbi yakare iyi ichishandurwa, kuiona “yashandurwa kamwe kamwe, sekubwaira.” Kana zvisiri izvo, zvino tiri mapenzi chaiwo evanhu; idyai, inwai, mufare, nokuti mangwana muchafa; munoono, wakafanana nemhuka, unofa woenda kuvhu zvoperera ipapo. Asi pane chinofa . . . mweya usingafe unogara mauri, hama. Takatonzwa kare kubva kuDenga. Takatozviona kare zvichiyedzwa. Tinoziva kuti Iye Aripo, Uye Ndiye mupi wemubairo kune avo vanoMutsvaka nemwoyo wose.

Zvino, nhengo dzeMutumbi waKristu, patichange tichiimbazve, ndinoda kuti mugare muzvigaro zvenyu muchikwazisana patinenge tichiimba zvakare.

Ndi . . . (chingokwazisa hama yako,
nehanzvadzi) Ndinomuda
Nokuti . . . (Richard!) . . . ini
Akatenga ruponiso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁰⁶ Munomuda here? Itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.—Mupepeti.] Munoda here Shoko raKe? Itai, “Ameni.” [“Amen!”] Munoda here zvitendwa zvezvikonzero zvebasa raKe? Itai, “Ameni.” [“Amen!”] Munoda here Mutumbi waKe? Itai,

“Ameni!” [“Amen.”] Zvino, chidananai. Ameni! Ndizvozvo. “Naizvozvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.”

Zvino ndaisa mawoko angu pamahengechepfu aya, kana muchizoatora manheru asati asvika.

²⁰⁷ Ndichada kuti Hama Richard Blair. . . Mwari vakapindura munamato wavo, ivo pamwe nehama iri pano, pavakanamata zuva riya, kuti vadzore kuhupenyu mukomana mudiki uyu agere pakati pedu nhasi, ari mupenyu, nokuda kwekutenda kwavo muna Mwari. Zvino ndichavaita kuti vativharire nenzwi remunamato, kwenguva shoma, kuitira kuti tigodzokazve nhasi manheru.

Tangodarika awa yegumi nepiri nemaminitisi angaite mashanu, sezviri pawachi iyo. Zvino ndinoda kuti muzodzokazve manheru, kana muchikwanisa, kana muri muno. Kana muchifanira kudzokera kumba, dai Mwari vakakufambisai zvakanaka munzira, uye vakubatsirei, nokukuchengetedzai. Kana muchikwanisa kugara, uye muchida kugara, makasununguka kuti mugare. Mwari ave nemi zvino.

Tionane! Tionane!

Ti. . . (ngatisimudzei mawoko edu
kwaAri.) . . . tionane patsoka dzaJesu;

Tionane! Tionane!

Mwari ave nemi kusvika tionanezve.

[Hama Branham vanotanga kuimba nemahon’era *Mwari ave nemi*—Mupepeti.] Ndiyo nzira yekubuda nayo mumba yaMwari, mumunamato, mukuzvininipisa, tichivimba kuti tichasanganazve nhasi manheru. Tikasasangana, “Mwari ave nemi kusvika tasanganazve!”

Ngatikotamisei misoro yedu zvino. Hama Blair.



KUEDZA KUITIRA MWARI BASA IKWO
KUSIRI KUDA KWAMWARI SHO65-0718M

(Trying To Do God A Service Without Being The Will Of God)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikunguru 18, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yaka rhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org